ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№7 (23.977) ● 2020 гъэм щІышылэм (январым) и 21, гъбж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Коррупцэм щыпэщІэтыныжкІэ лэжьыгъэр зыубзыху комиссэм хэтхэр къэщтэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Коррупцэм щыпэщІэтыныжкІэ лэжьыгъэр зыубзыху комиссэм хэтхэр къэщтэн, мы Указым и гуэдзэным зэригъэзэжауэ.

2. Къыдэр ямыІэжу къэлъытэн:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Коррупцэм щыпэщІэтыныжкІэ лэжьыгъэр зэблэзыгъэкІ комиссэм хэтхэр къэщтэным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2018 гъэм щкІуэгъуэм и 23-м къыдигъэкІа Указ №1184-УГ-мкІэ;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Коррупцэм щыпэщІэтыныжкІэ лэжьыгъэр зэблэзыгъэкІ комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2018 гъэм щэкІуэгъуэм и 23-м къыдигъэкІа Указ №184-УГ-мкІэ къищтам, зэхъуэкІныгъэхэр эмтхьэжьыным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2019 гъэм накъыгъэм и 20-м къыдигъэкІа Указ №41-УГ-м.

3. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2019 гъэм дыгъэгъазэм и 30-м
№149-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2019 гъэм дыгъэгъазэм и 30-м къыдигъэкІа Указ №149-УГ-мкІэ къищтащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Коррупцэм щыпэщІэтыныжкІэ лэжьыгъэр зэблэзыгъэкІ комиссэм хэтхэр

КІуэкІуэ К. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэр *(Комиссэм и унафэщІщ)*

Къуэдзокъуэ М. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщіыр *(Комиссэм и унафэщІым и къуэдзэщ)*

Алтуд Ю. Къ. - «Бэрбэч Хь.М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет ведомствэ и ректоры *(зэгурыІуэуэ)*

Асанов А. У. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лжьыгъэмрэ социальнэ дэІепыкъуныгъэмкІэ и министр

Ахъуэхъу Т. Б. - Налшык къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуэуэ)*

Бабаев А. М. - Урысей Федерацэм Следствиемкіэ и комитетым Следствиемкіэ и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІым и къалэнхэр зыгъэзащІэр *(зэгурыІуэуэ)*

А. Берд Хь. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэр *(зэгурыІуэуэ)*

Воронин С. В. - Урысей Федерацэм ШынагъуэншагъэмкІэ и федеральнэ къупльыкъущІапІэм и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр *(зэгурыІуэуэ)*

Гузбэщ1ыкІ А. Ю. - Налогхэмкіэ федеральнэ къупльыкъущІапІэм и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр *(зэгурыІуэуэ)*

Егоровэ Т. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщіыр *(зэгурыІуэуэ)*

Кужонов Ж. А. - Урысей Федерацэм Юстициэмкіэ и министерствэм и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр *(зэгурыІуэуэ)*

КІасэ Д. Ч. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэзыпщытэ-къэзыбж и палатэм и унафэщІыр *(зэгурыІуэуэ)*

Мэкъуауэ Т. Э. - Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэм и аппаратым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къегъэщІапІа и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэр *(зэгурыІуэуэ)*

Мусуков А. ТІ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщіыр

Нэгъуей А. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм коррупцэм пэщІэтыным пыщІа Іуэхуэхэмкіэ и управленэм и унафэщІыр *(Комиссэм и секретарщ)*

Павлов В. П. - къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ министру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэр *(зэгурыІуэуэ)*

Сарбашевэ С. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщіым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм щыпІэ унафэр зегъэкІуэным пыщІа Іуэхуэхэмкіэ и управленэм и унафэщІыр

Тату Къ. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ, жылагъуэ шыкагъуэншагъэмкІэ и советым и Секретарыр.

Мый муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къулыкъум ягъэувынур къыхэхьным теухуа конкурсыр егъэкІуэкІыныжкІэ комиссэм хэтхэр къэщтэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

1. Май муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къулыкъум ягъэувынур къыхэхьным теухуа конкурсыр егъэкІуэкІыныжкІэ комиссэм хэгъэхьэн мы къыкІэлъыкІуэхэр:

Бердюжэ В. И. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатыр

Емуз А. С. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм къэрал къулыкъумрэ кадрхэмрэ я Іуэхуэхэмкіэ и управленэм и унафэщІыр

Пономаренко Р. Н. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатыр

Сарбашевэ С. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщіым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм щыпІэ унафэр зегъэкІуэкІыныжкІэ комиссэм хэтхэр къэщтэным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2017 гъэм щэкІуэгъуэм и 16-м къыдигъэкІа унафэ №138-РГ-м.

3. Мы унафэм къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек.

Налшык къалэ
2019 гъэм дыгъэгъазэм и 30-м
№162-РГ

Зи чэзу къалэн нэхъыщхьэхэр щыубзыхуащ

Парламентархэр УФ-м и Президент Путин В. В. Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам топсэлъыхь

АФЭЩІАГЪУЭ М. Хь. - ***Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Бюджетымкіэ, налогхэмрэ финансымкіэ и комитетым и унафэщІ, «Урысей зэкъуэт» партым КъБР-м и Парламентым щІэ фракцэм и пашэ***

УРЫСЕЙ Федерацэм и Президент Путин В. В. Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзар социальнэ, технологие, информацие Іэнатіэхэм мыхьэнэшхуэ щызыІэ, куэд къызэщІэзыубыдэ Іуэхуэхэр зэфІэгъэкІыным хуэгъэпсау.

Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзар Президентым къыщІидзащ демографием ехьэлІа икІи социальнэ Іэнатіэм гугъуехьэр къыщыдзэнэкІыным теухуа Іуэхуэхэмкіэ. Къалэну къигъэуващ: къэралым щыхуу дунейм къыщытехьэм и хьэкъкІэ абы исхэм я бжыгъэр нэхъыбэ хъуныр къызэгъэпэщын икІи 2024 гъэм ирихьэлІэу къалэхум и коэфициентыр 1,7-м нэгъэсын.

Зи гугъу ищІа псори зыхуэунэтІыжар унагъэхэм зэпымыууэ икІи хэпщІыкІыу защІэгъэкъуэнырщ. Апхуэдэу анэм хуха мылъкум теухуауэ лажьэ программэм, я нэхъ мащІорамэ, 2026 гъэм дыгъэгъазэм и 31 пщІондэ пащэнущ. Къимыдэкіэ, яп сабийр къызыхэхъуэ унагъуэми иджы Іэмал иІэнущ анэм хуэхах мылъкыр нэсу къратыну. Анэ мылъкур сом мини 150-кІэ нэхъыбэ ящІынущ. А къыщІагъуар унагъуэм иратынущ етІуанэ сабий яІэ хъуа нэужь.

2020 гъэм щІышылэм и 1-м щегъэжьауэ хэплъэкныгъэ зи ныбжьыр илъэсищым къыщыщІэдзауэ илъэсиблым нэс сабийм мазэ къэс иратыну ягъуэва ахъшэм. Ар иратынущ щыхур псэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу зыхуеину ягъуэвам хуэдизу зы фІэкІа къызыхьмыхъуэ унагъуэхэм – ягъэщІыкІэ ар щІыхур псэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу зыхуеинум хуэдизым и зэхуэдитІ хъууэ щытынущ - сом мин 5,5-рэ, иужькІэ абы хэхъэнущ икІи унагъуэр щыпсэу щІыналъэм щІыхур псэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу зыхуеину щагъэува мардэм нагъэсынущ.

Президентым гулъытэ хуищІащ гъэсэныгъэ лжьыгъэми, къэралым и егъэджакІуэхэм я Іэзагъэм хэгъэхъуэн зэрыуфэр къыхихэщІи. ФокІадэм и 1-м къыщыщІэдзауэ федеральнэ бюджетым къыхэкІыу класс унафэщІхэм я улахуэм хущІагъунущ сом минитху нэхърэ мынэхъ мащІэ, а лэжьыгъэм щхьэкІэ егъэджакІуэхэм щыналъэхэм щызыщІагъури къахуэнэу.

Апхуэдэуи я мурадщ хущхъуэхэр пщІэнщэу, е къэрал е щІыналъэ льготэхэр яІэу зратхэр щыгъэбелджыла регистр хэха къызэрагъэпэщыну, абы къыдэкІуэу хущхъуэхэм я фІагъыр зыхуэдэр къапщытэн папщІэ, ахэр щызэрагъэкІуэкІ Іуэхущ1апІэхэм, абыхэм зэрагъэхьэрыт яхэту, кІэлъыплъыныгъэм щІагъэувэну.

Экономикэм зегъэужьыным теухуа Іыхьэм УФ-м и Президентым икъукІэ къалэныщхьэу къыщигъэуващ инвестицэхэр къыхегъэлъхьэным теухуа Іуэхущ1эхэр хэпщэныр, промышленностым, мэкъумэш Іэнатіэм, Іуэхутхьэбзэ щІэным зегъэужьыныр щІэгъэхуэбжьэныр. Инвестицэхэр илъэс къэс процентитху нэхърэ мынэхъ мащІэкІэ нэхъыбэ щІын, къэралым и ВВП-м абы щиІыгъ Іыхьэр иджыпсту зэрыщыпт процент 21-м игъэкІауэ 2024 гъэм ирихьэлІэу 24-м нэгъэсын хуейщ. Я мурадщ къэрал дэІепыкъуныгъэр инвестор лъэрызехьэхэм нэмыщІ, хьэрычэт Іэнатіэ мыиным щылажьэхэми иратыну.

Къэралым и УнафэщІыр Конституцэм теухуа Іуэхуэхэми къыпетуныІаш, ахэр иужьрей зэманхэм нэхъыбэу зытепсэлъыхьхэм зэращыщыр къилъытэри. Апхуэдэу абы къыхигъэщащ Закон нэхъыщхьэр зэрыщыту щІыз1эпхъуэкІын зэрыщымыІэр, абы щыубзыхуа мардэхэр иджыпстуи зэрылажьэр, ауэ абы зэхъуэкІыныгъэ гуэрхэр хэлъхьэн зэрыхуейр жиІащ. Ахэр нэхъыбэу зэхьэлІауэ щытынури Урысейм и Конституцэр хабзэм тет ди къэралым зэрыщынэхъыщхьэр щІэгъэбыдэныщ. Къыхилъхьащ къэрал унафэр зыІещІэлъхьэн и къалэнхэр Конституцэм щыубзыхуауэ щытын зэрыхуейри.

Къэрал Думэмрэ Федерацэмкіэ Советымрэ къэрал унафэщІхэр гъэувыныжкІэ яІэ хуитныныгъэхэр нэхъыбэ ящІыну я мурадщ, Урысей Федерацэм хьихьэ щІыналъэхэм я унафэщІхэмрэ властым и муниципальнэ органхэмрэ социально-экономикэ зыужьныныгъэм ехьэлІауэ яІэ хуитныныгъэхэми хэгъэхъэнущ.

КъБР-м 2020 гъэм тещІыхьа и бюджетым зэхъуэкІыныгъэшхуэхэр къыщыхъуащ. Республикэ бюджетым и хэхъуэ Іыхьэр сом мелярди 3,7-кІэ нэхъыбэ хъуащ икІи сом мелярд 39,42-м нэсащ. Апхуэдэу абы и хэхъуэхэр нэхъыбэу кьэнэжьнущ, 2021 гъэм профициттыр нэхъ мащІэ хъунущ сом мелуан 567,5-кІэ (хущІыныгъэм тещІыхьакъым, бюджетыр зэгъэуІуэуэ щытынущ), 2022 гъэм - сом мелуан 554-кІэ. Апхуэдэу щыщіыткІ, илъэситІым къиубыдэу ягъ игъэщІыпхъэ социальнэ къалэнхэр зэфІэгъэкІыным сом мелардым щІигъу хуэдутІыпщІыфынущ.

2020 гъэмрэ абы къыкІэлъыкІуэ илъэс гъунэгъуэмрэ я бюджетхэм щытепсэлъыхьым, КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ яхузэфІэкІащ комитетхэмрэ зыхуэфащэ министерствэхэмрэ ягъэщІыпхъэу къагъэлъэгъуауэ щыта къалэнхэр зэфІэгъэкІыным теухуа хэкІыпІэхэр яубзыхуныр. КъыхэгъэщІыпхъэщ хъэтщта бюджетым нэсу къызэрыщыгъэлъэгъуар федеральнэ программэхэм республикэм къыпытыху хилъхьэн хуей мылъкумрэ Урысейм и Президентым Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам къыпыкІыхьа Іуэхуэхэр гъэзэщІэным тедгъэкІуэдэнумрэ.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

● Хъыбар гуапэ

Пелликоне и фэеплъ зэпеуэм адыгэ щІалэхэр къыщыхожаныкІ

Италием и бэнакІуэ цІэрыІуэу, иужькІэ я федерацэм и тхьэмадэу щыта Пелликоне Маттео и фэеплъ зэхьэзэхуэ иджыблагъэ Рим къалэм щекІуэкІащ. А зэпеуэм мы гъэми спортсмен цІэрыІуэ куэд къызэхуиІэсат. Абыхэм ящыщт дуней псом щэнейрэ и чемпион, Олимп Джэгухэм дыжьын медалыр къыщызыхьа Махуэ Билал.

КИЛОГРАММИ 125-м нэсхэм я зэпеуэм Махуэр гугъуу хьыхьащ. Нэрылъагъут ар куэд щІауэ зэхьэзэхуэу инхэм зэрыхэмытар икІи я гуащІагъым машІэу зэрыщыужар. Аращ къызыжкІар Венгриием щыщ Лигетти Даниэл хуабжьу гугъу зэрыдехьар. Билал абы зэрефІэкІыфар 4:3-уэщ.

Иужькіэ адыгэ щІалэр 8:0-у текІуащ Канадэм къикІа Дхеси Амарвир. Финал ныкъуэм къыщыпэщІэува, Венесуэлэм щыщ Урбанейя Луиси 10:0-у хигъэщІащ.

Уплэплъэ хьунут Махуэм адэкІи къыпэщыщым щымыІэу. Арщхьэкіэ ди пелуанэр зэпеуэ гуащІэхэм иджыри хуэмыхьэзырыщуу къыщІэкІащ. Ираным къикІа Заре Амир и ебгъэрыкІуэныгъэ лъэщхэм ар 3:5-уэ къапикІуэтащ.

Махуэ Билал Италием щыжьын медалыр щызыІэригъэхьащ. Ар зыхэта зэхьэзэхуэм и лъэщагъым и щыхьэтщ Олимп чемпион Снайдер Кайл ещанэ фІэкІа зэрымыхьуар. Килограмм 97-м нэс зи хьэлъагъэм я зэпеуэм американ бэнакІуэ цІэрыІуэр финалым и Іыхьэ пІанэм щытридзащ Ираным икІа Мохаммадиан Мохаммад.

Урысейм Спорт бэнэкІэмкІэ и федерацэм и тхьэмадэ Мамиашвили Михаил гулъытэншэу къыгъэнакъым Махуэр утыку къызэрихьэжа щыкІэр. «Сэ сроргушхуэ Билал, - жиІащ абы. - Апхуэдиз гугъуехькІэр къызэринэкІри, ар зэпеуэжэм лъэ быдэкІэ къыхьыхьэжащ икІи екъулІэныгъэхэр иІэну ди гуапэщ. Псом ящхьэр узынШэнырщ икІи Олимп Джэгухэм дыкІуэну хуит дыкъэзыщІ лицензэр Венгриием и хьалащхьэ Будапешт гъатхэпэм и 19 - 22-хэм щызэхэтыну зэхьэзэхуэм щыЗэригъэхьэнырщ. Токио щыщІ медалэр къыщытухъэзыхьыну хуабжьу дызыщыгугъэм Билал ящыщ зыщ».

Илъэс пщыкІыбл фІэкІа зи мыныбжь Тембот Ахьмэдхьан Италием хуабжьу дыщигъэгуфІащ. 2018 гъэм ныбжьыщІэхэм я Гъэмахуэ Олимп Джэгухэм я чемпион хуэ бэнакІуэ щІалэ дыдэм килограмм 79-м нэс зи къэпсыгъэ балигъхэм я дэж дыжьыныр щызыІэригъэхьащ. Финалым хуэзыщІэ зэпеуэм ар 9:0-у щытекІуащ хэгъэрейхэм ящыщ Лумию Кармел. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, иужькІэ къыхигъэщІащ Украинэм къикІа Михайлов Василий.

Махуэ Билал дэщІыгъуу бэнэкІэ хуитныкІэ Пелликоне Маттео и фэеплъ зэхьэзэхуэм Италием зэрыщыхэтамрэ абы дыжьын медалыр къыщызыщихьамрэ Тембот Ахьмэдэхьан и дежкІэ куэд и уасэщ. А щІалэхэм ягъусэу Рим щыІащ икІи зэпеуэхэм хуигъэхьэзыращ Урысей Федерацэм и ныбжьыщІэ командэ къыхэхам и тренер нэхъыщхь Тембот Анзор.

Мы гъэм иджыри зэхьэзэхуэ зыбжанэм хэтынущ Махуэ Билалрэ Тембот Ахьмэдхьанрэ. Италием щыІар дызыхьыха олимп лъэхъэнэм и щІэздзаніэ куэдейуэ ящ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Махуэ Билал Темботхэ Ахьмэдхьанрэ Анзоррэ я гъусэу.

Республикэм и Іуэхущ1апІэхэр «Щхъуантіагъэм и тхьэмахуэ» дунейпсо зэхьхьэшхуэм хэтщ

Иджыпсту Берлин щекІуэкІ «ЩхъуантІагъэм и тхьэмахуэ-2020» дунейпсо гъэльэгъуэныгъэм хэтщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и агропромышленнэ комплексым хиубыдэ предприятэ 11-рэ щІэныгъэ-къэхутакІуэ институту тІуРэ.

«ЩхъуантІагъэм и тхьэмахуэм» и 85-нэ зэхуэсым хиубыдэу конференцэр, мэкъумэш хозяйствэм пыщІа Іуэхуэхэм щытепсэлъыхь семинархэр къызэрагъэпэщ. Ар щІышылэм и 26-м нэсыху лжьэнущ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Нобэрэ пщэдейрэ

ЩІышылэм и 21, *гъубж*

♦Іэплъ зэхуэщІыным и дунейпсо махуэщ. Ар 1986 гъэм США-м къыщыхалъхьати, абы и хьыбарыр дуней псом псынщІэу щызэпъащІысауэ, къэрал куэдым щагъэлъапІэ.

♦УФ-м и инженер дзэхэм я махуэщ. 1701 гъэм Пётр Езанэм Іэ щІидзащ къэралым щыпІэ инженер школ къызэрэпэщыныным теухуа унафэм.

♦1918 гъэм Адыгейм Совет властыр щагъэуващ.

♦1924 гъэм Ленин (Ульянов) Владимир дунейм ехьжащ.

♦1934 гъэм Украинэм и Компартым и XII съездым унафэ щащІащ республикэм и кьалащхьэр Харьков ирахьу Киев ягъэІэпхъуэм теухуауэ.

♦1943 гъэм советыдзэхэм Ставрополь къалэр фашистхэм къыІэщІагъэкІыжащ.

♦1945 гъэм ЦІыхубэ Комиссархэм я Советым унафэ хъищтащ Москва Ботаническэ хадэ къыщызэІухыным теухуауэ.

♦1954 гъэм дунейм щыяпэу США-м хьэзыр щыхъуащ атом псыщІагъырыкІуэ кхъухьыр.

♦1985 гъэм Франджым и ЛІыхъужь Хьэгъундокъуэ Елмэсхъан дунейм ехьжащ.

♦Франджым щыщ дизайнер-модельер, зи ІэдакъэщІэкІэхэмкІэ дуней псом цІэрыІуэ щызэхуэсу щыта **Диор Кристиан** къызэралъхурэ илъэси 115-рэ ирокъу.

♦Совет къэфакІуэ, балетмейстер, СССР-м и цІыхубэ артист, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь **Моисеев Игорь** къызэралъхурэ илъэси 114-рэ ирокъу.

♦Ермэлы композитор, СССР-м и цІыхубэ артист **Бабаджанян Арно** къызэралъхурэ илъэс 99-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и цІыхубэ тхакІуэ **Хьэхъупащ1э Хьэжбэчыр** къызэралъхурэ илъэс 94-рэ ирокъу.

♦Испаниием щыщ, дуней псом щыщІэрыІуэ опернэ уэрэджыІакІуэ **Домингэ Пласидэ** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.

♦Совет, американ актёр, режиссёр, РСФСР-м и цІыхубэ артист **Нахапетов Родион** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

♦УФ-м и цІыхубэ егъэджакІуэ, тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор **Мэлбахьуэ Борис** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Филологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **БищІо Борис** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.

♦УФ-м и цІыхубэ артист **Харатьян Дмитрий** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 2 - 3, жэщым щыІэр градуси 4 - 2 щыхъунущ.

ЩІышылэм и 22, *бэрэжьей*

♦УФ-м и ПВО-м и кхъухьльатэдзэхэм я махуэщ

♦Нартыху гъэпІэнкІам и махуэщ. МафІэ гуащІэм тет шыуаным нартыху хьэдэ зыбжанэ ибдзэмэ, уэс Іэтэм хуэдэу къызэрыбырыбым япэу гу лъатащ 1630 гъэм.

♦Польшэм щагъэлъапІэ адэшхуэм и махуэр

♦1517 гъэм Мысыр шэрджэс мамлюкхэмрэ тыркудзэмрэ Каир пэмыжьжьэу зэзэуэн щыщІадзащ.

♦1969 гъэм КПСС-м и ЦК-м и Секретарь нэхъыщхьэ Брежнев Леонид яукІыну хэтащ. Космосым щыІа «Союз-4», «Союз-5» хъуухьэм исахэр Москва и Утыку Плъыжьым Іэтауэ къыщІагъэблагъэжьыным зыхуагъэхьэзырырт. А Іуэхум теухуа даудэдащэм хэтынут къэралым и унафэщІри. Совет армэм и сержант нэхъыщІэ Ильин Виктор иІэрахьэзэ ауащ Утыку Плъыжьым къихьэ, Брежневыр зэрысу игугъа автомашинэм. КъызэрыщІэкІамкІэ, абы исар космонавтхэрт - Терешковэр, Николаевыр, Береговойр Леоновыр. Ауэ, насыпи яІэти, кІэрахъуэшэхэр абыхэми ялъэІэсакъым.

♦2005 гъэм Корее Ипщэм хамэ къэрал Іуэхуэхэмкіэ и министр Ким Ке Гван хэІуцІыу ищІащ КНДР-м ядернэ Іэщэ зэриІэр.

♦Инджылыз усакІуэ **Байрон Джордж** къызэралъхурэ илъэс 232-рэ ирокъу.

♦Сабий тхакІуэ **Гайдар Аркадий** (и унэцІэ дыдэр **Голиковщ**) къызэралъхурэ илъэси 116-рэ ирокъу.

♦Совет физик, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь, СССР-м ЩІэныгъэхэмкІэ и академием и академик, Нобель и саугъэтым и лауреат **Ландау Лев** къызэралъхурэ илъэси 112-рэ ирокъу.

♦Урыс совет тхакІуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зрата **Проскурин Пётр** къызэралъхурэ илъэс 92-рэ ирокъу.

♦Урысей актрисэ цІэрыІуэ, РСФСР-м и цІыхубэ артисткэ **Талызинэ Валентинэ** и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирокъу.

♦КъБКъУ-м и библиотекэм и унафэщІ, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **УнащІэ Розэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Урысей актёр, продюсер, нэтынхэр езыгъэкІуэкІ, УФ-м и Къэрал саугъэтыр зрата **Ярмольник Леонид** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 4 - 6, жэщым щыІэр 1 градус щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Щэху гуэр зимыІэ щыІэкъым.

МафІэдз Сэрэбий и фэеплъ пшыхь



2020 гъэм щІышылэм и 23-м Мэлбахьуэ Т. Къу. и цІэр зезыхьэ Къэрал лъэпкъ библиотекэм щекІуэкІынущ тхакІуэ, тхыдэ щІэныгъэлІ, этнограф, СССР-м и Тхакіуэхэм я союзым хэта, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, профессор МафІэдз Сэрэбий Хьэжмэстафэ и къуэр къызэралъхурэ илъэс 85-рэ зэрыркъум теухуа зэІущІэ.

Щыщідзэнур сыхьэт 15-рэ.

Зи чэзу къалэн нэхъыщхьэхэр щыубзыхуащ

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ кап.)

ПАЩТЫ Б. С. - *КъБР-м и Парламентым Щэнхабзэмкіэ, жылагъуэм зегъэужьынымрэ хъыбарегъащІэ политикэмкІэ и комитетым и унафэщІ, «КПРФ» партым КъБР-м и Парламентым щиІэ фракцым и пашэ*

Иджырей Зэрызыхуигъаэзм и гугъу щыпщІкІэ, псом япэрауэ къыхэгъэщапхъэщ УФ-м и Президентым мыхьэнэшхэу зэрыхуищІыр жылагъуэм зэхъуэкІыныгъэхэр щегъэкІуэкІын, къэралым щІэ гушхэр къыщыхьхьэн зэрыкъуейм. Нобэ ар наІуэ хъуакІэщ икІи властым ар къыгуроІуэ. Абы мыхьэнэшхуэ иІэщ.

Нэхъ мыхьэнэшхуэ зиІэ еІуанэ Іэхъуу Зэрызыхуигъаэзм къыхэщар, сэ къыззэрыслъытэмкІэ, ар ди къэралым и Хабзэ Нэхъыщхьэм - УФ-м и Конституцэм - зэгъэзэхуэжыныгъэ гуэрхэр хэлъхьэным яужь дызэрихьэщ. Абы куэд дыдэкІэ уХІэбэн хуэмейуэ кьалъытами, а зэхъуэкІыныгъэхэм мыхьэнэшхуэ яІэнуц. Абыхэм ящыщ Іыхьэри политикэм щекІуэкІ Іэхъухэр демократизацэ щІыным хуэгъэпсуэ къэплъытэ хьунущ.

Къэралым къыщыхъуну ІэхъуэкІыныгъэхэм я тегъэщІапІэу щытынур УФ-м и Конституцэщ икІи абы мыхьэнэшхуэ иІэщи, Іэхъум икъукІэ зэпэщэчауэ, набдзэгубдзапІпэу бгъэдэхьэн хуэейц.

ТОКЪУ Р. М. - *КъБР-м и Парламентым Ухуэныгъэмкіэ, псэупІэ-коммунальнэ Іэнатіэмрэ гъэсныпхъэ-энергетикэ Іэхъущ1апІэхэмкІэ и комитетым и унафэщІ, «Захуагъэ здэщыІэ Урысей» политикэ партым и Советым и Бюром и Секретарь*

«Захуагъэ здэщыІэ Урысей» политикэ партыр социалистическэ партщ. Ди партым и программэм и лъабжьэр социализмэм нэхъ игъэпхьапІэ Іэхъуэхэм ятещІыхьащ: захуагъэм, хуитныныгъэм, зэкъуэтныныгъэм. Абы къыхэкІыу схужьІэнущ а лъапІэныгъэ псори Президентым Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам къыззэрыхущар.

Социальнэ Іэнатіэм мыхьэнэшхуэ зиІэ зэхъуэкІныгъэщІэхэр къыщыхилъхащ. Псом япэрауэ, ущыгуфІыкІыу къыхэбгъащ хъунухэм ящыщщ анэ мылъкур тыным теухуа программэм зэрыпащэнур. ЩІышылэм и 1-м къыщыщІэдзауэ япэ сабийр къызыхэчъуэ унагъуэмэ иратынущ анэ мылъкур. СабиитІ зиІэ унагъуэхэм анэ мылъкуу иратынур сом мин 616-м щІигъунущ, икІи, мыхьэнэшхуэ зиІэраци, ар индексацэ ящІурэ кІэунущ. Демографие Іэнатіэм зэраубзыхуам хуэдзу егугъумэ, къэралым цІыхуу къыщылъхум и коэффициентыр 2024 гъэм ирихьэлІэу 1,7-рэ хъун хуейщ. 2019 гъэм ар 1,5-рэ хъууэ щытауэ аращ икІи, Президентми къызэрыхигъэщащи, Урысейм и дежкІэ ар мащІэщ.

ЦІыхуэхэм хэхъуэ мащІэ фІэкІа къызэрыІэрымыхьэр демографием и лъэр щІэзыдущ. Президентым къыхилъхьащ зи ныбжьыр илъэсищым къыщыщІэдзауэ блым нэс сабийхэм мазэ кьэс иратахъшэми 2020 гъэм щІышылэм и 1-м къыщыщІэдзауэ хагъэхъуэну. Ахъшэр иратынущ цІыхур псэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу зыхуеИуэ ягъэува мардэм хуэдэу зы фІэкІа зы-Іэрымыхьэ унагъуэхэм. Ахъшэр япэщІыкІэ а мардэм и зэхэздитІ - сом мини 5,5-рэ - хъунущ. ЦІыхур псэун папщІэ ику иту зыхуейм хуэдиз зыІэрымыхьэ унагъуэхэм илъэс къакІуэм къыщыщІэдзауэ сом мин 11-р зэрыщыту иратынущ.

Апхуэдэуи дэ дыщогугъ, къызэрыхигъэщащи, хущъхуэхэр цІыхухэм яІэрыхьэным теухуа Іэхэури тэмэму зэтраубгэфынУ.

УэрыщгуфыкІынщ щыналъхэм щыпсэу сабийхэм ящыщу иджыри мин 255-м ялъэхэм кІуэнымкІэ Іэмал иратыным мылъку зэрыхухахынури.

2021 гъэм ирихьэлІэу курыт еджапІэ псори псынщІэу лажьэ интернеткІэ къызэрагъэпэщын хуейщ.

ЕджапІэ нэхъыщхьэхэм къэрал бюджетым къыхэкІ мылъкукІэ щрагъаджэхэм, апхуэдэу дохутыр Іэщ1агъэ зэзыгъэтъутыныхэм я бжыгъэри нэхъыбэ ящІынущ. Дэ щэч къытетхэркъым, къыхалъхьахэр тэмэму ягъэзащІэмэ, къэралым и демографие щытыкІэр егъэфІэкІуэным а зэхъуэкІныгъэхэр сэбэп зэрыхуэхъунум.

Дэ апхуэдэу дыдоІыгъ къэралым мыхьэнэшхуэ щызиІэ интернет-сервисхэр зэІуахуэ щытын зэрыхуейм текуауэ къыхилъхьа жэрдэмри.

Апхуэдэуи къыдолъытэ, продукцэ къыщІэзыгъэкІхэм а ягъэхъэзырахэр зэралъхьэхэм етІуанэу елэжьыжьыным текІуадэр езыхэм яту 2021 гъэм къыщыщІэдзауэ хуежьэмэ, абы къэралым щыщыІэ экологие гугъуехьхэр дзгъэкІыным хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищІынури. ЗэрыщІэщи, ахэр иджыпсту мащІэхъым.

Гулъытэ хэха зыхуэщІипхъэ Іэхъу нэхъыщхьэхэм ящыщу къызэолытэ тхьдэр щІэрыщІэу къыратхкІыжаным гущІэтыныр. Абы текуауэ икъукІэ дызыщыгуфІыкІащ ЕтІуанэ дунейпсо зауэм текуа дэфтэрхэр щах1ымэну центрышхуэ Урысейм къызэрыщыщІэзыуахынум ежьэлІауэ жиІахэр.

Къэрал кІэуцІ политикэми Іэхъуэгъущ1эхэр щызэфІагъэкІын хуейуэ къыхилъхьащ Президентым. Къэралым и Конституцэм зэхъуэкІныгъэ гуэрхэр хэлъхьэпхъащ, абы щыщІэгъэбыдапхъащ да Конституцэр дунейпсо правэм щыубзыхуэ щыІэ Іэнатіэ-хэмкІэ и комитетым и унафэщІ, «Захуагъэ здэщыІэ Урысей» политикэ партым и Советым и Бюром и Секретарь



ТОКЪУ Р. М. - *КъБР-м и Парламентым Ухуэныгъэмкіэ, псэупІэ-коммунальнэ Іэнатіэмрэ гъэсныпхъэ-энергетикэ Іэхъущ1апІэхэмкІэ и комитетым и унафэщІ, «Захуагъэ здэщыІэ Урысей» политикэ партым и Советым и Бюром и Секретарь*

«Захуагъэ здэщыІэ Урысей» политикэ партыр социалистическэ партщ. Ди партым и программэм и лъабжьэр социализмэм нэхъ игъэпхьапІэ Іэхъуэхэм ятещІыхьащ: захуагъэм, хуитныныгъэм, зэкъуэтныныгъэм. Абы къыхэкІыу схужьІэнущ а лъапІэныгъэ псори Президентым Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам къыззэрыхущар.

Социальнэ Іэнатіэм мыхьэнэшхуэ зиІэ зэхъуэкІныгъэщІэхэр къыщыхилъхащ. Псом япэрауэ, ущыгуфІыкІыу къыхэбгъащ хъунухэм ящыщщ анэ мылъкур тыным теухуа программэм зэрыпащэнур. ЩІышылэм и 1-м къыщыщІэдзауэ япэ сабийр къызыхэчъуэ унагъуэмэ иратынущ анэ мылъкур. СабиитІ зиІэ унагъуэхэм анэ мылъкуу иратынур сом мин 616-м щІигъунущ, икІи, мыхьэнэшхуэ зиІэраци, ар индексацэ ящІурэ кІэунущ. Демографие Іэнатіэм зэраубзыхуам хуэдзу егугъумэ, къэралым цІыхуу къыщылъхум и коэффициентыр 2024 гъэм ирихьэлІэу 1,7-рэ хъун хуейщ. 2019 гъэм ар 1,5-рэ хъууэ щытауэ аращ икІи, Президентми къызэрыхигъэщащи, Урысейм и дежкІэ ар мащІэщ.

ЦІыхуэхэм хэхъуэ мащІэ фІэкІа къызэрыІэрымыхьэр демографием и лъэр щІэзыдущ. Президентым къыхилъхьащ зи ныбжьыр илъэсищым къыщыщІэдзауэ блым нэс сабийхэм мазэ кьэс иратахъшэми 2020 гъэм щІышылэм и 1-м къыщыщІэдзауэ хагъэхъуэну. Ахъшэр иратынущ цІыхур псэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу зыхуеИуэ ягъэува мардэм хуэдэу зы фІэкІа зы-Іэрымыхьэ унагъуэхэм. Ахъшэр япэщІыкІэ а мардэм и зэхэздитІ - сом мини 5,5-рэ - хъунущ. ЦІыхур псэун папщІэ ику иту зыхуейм хуэдиз зыІэрымыхьэ унагъуэхэм илъэс къакІуэм къыщыщІэдзауэ сом мин 11-р зэрыщытУ иратынущ.

Апхуэдэуи дэ дыщогугъ, къызэрыхигъэщащи, хущъхуэхэр цІыхухэм яІэрыхьэным теухуа Іэхэури тэмэму зэтраубгэфынУ.

УэрыщгуфыкІынщ щыналъхэм щыпсэу сабийхэм ящыщу иджыри мин 255-м ялъэхэм кІуэнымкІэ Іэмал иратыным мылъку зэрыхуахынури.

2021 гъэм ирихьэлІэу курыт еджапІэ псори псынщІэу лажьэ интернеткІэ къызэрагъэпэщын хуейщ.

ЕджапІэ нэхъыщхьэхэм къэрал бюджетым къыхэкІ мылъкукІэ щрагъаджэхэм, апхуэдэу дохутыр Іэщ1агъэ зэзыгъэтъутыныхэм я бжыгъэри нэхъыбэ ящІынущ. Дэ щэч къытетхэркъым, къыхалъхьахэр тэмэму ягъэзащІэмэ, къэралым и демографие щытыкІэр егъэфІэкІуэным а зэхъуэкІныгъэхэр сэбэп зэрыхуэхъунум.

Дэ апхуэдэу дыдоІыгъ къэралым мыхьэнэшхуэ щызиІэ интернет-сервисхэр зэІуахуэ щытын зэрыхуейм текуауэ къыхилъхьа жэрдэмри.

Апхуэдэуи къыдолъытэ, продукцэ къыщІэзыгъэкІхэм а ягъэхъэзырахэр зэралъхьэхэм етІуанэу елэжьыжьыным текІуадэр езыхэм яту 2021 гъэм къыщыщІэдзауэ хуежьэмэ, абы къэралым щыщыІэ экологие гугъуехьхэр дзгъэкІыным хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищІынури. ЗэрыщІэщи, ахэр иджыпсту мащІэхъым.

Гулъытэ хэха зыхуэщІипхъэ Іэхъу нэхъыщхьэхэм ящыщу къызэолытэ тхьдэр щІэрыщІэу къыратхкІыжаным гущІэтыныр. Абы текуауэ икъукІэ дызыщыгуфІыкІащ ЕтІуанэ дунейпсо зауэм текуа дэфтэрхэр щах1ымэну центрышхуэ Урысейм къызэрыщыщІэзыуахынум ежьэлІауэ жиІахэр.

Къэрал кІэуцІ политикэми Іэхъу-гъущ1эхэр щызэфІагъэкІын хуейуэ къыхилъхьащ Президентым. Къэралым и Конституцэм зэхъуэкІныгъэ гуэрхэр хэлъхьэпхъащ, абы щыщІэгъэбыдапхъащ да Конституцэр дунейпсо правэм щыубзыхуэ щыІэ Іэнатіэ-хэмкІэ и комитетым и унафэщІ, «Захуагъэ здэщыІэ Урысей» политикэ партым и Советым и Бюром и Секретарь

Къэрауэхэ Іэнатіэхэм я унафэщІэхэмрэ щыналъхэм я прокурорэмрэ щигъэуІкІэ Президентыр Федерацэмкіэ Советым ечэнджещу щытынущ.

Правительствэм и УнафэщІр, вице-премьерхэмрэ министрхэмрэ я къулыкъухэм гъэувыныр Къэрал Думэм дзыхь хуэщІынущ, абы щыгъэуми а кандидатурэхэм Президентым арэзы темыхъуэну хуимыту убзыхуныр - ахэр ди къэралым демократием нэхъри зэрызыщиужьым щыщ щыщ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іэхъуэхэщ. Абы Іэмал къитынущ къэрал унафэщІхэр я къулыкъухэм гъэувыным теухуауэ екІуэкІ лэжьыгъэр зэІуахуэ икІи наІуэу щытынымкІэ.

БЕЗГОДЬКЭ В. Ф. - *КъБР-м и Парламентым Лэжьыгъэмкіэ, социальнэ политикэмрэ узынщагъэр хуэмэныкІэ и комитетым и унафэщІым и къуэдзэ, «ЛДПР» партым КъБР-м и Парламентым щиІэ фракцым и пашэ*

УФ-м и Президентым и иужьрей Зэрызыхуигъаэзр иджырей тхьдэм щынэхъ лъэщ дыдэщ, социальнэ Іэнатіэр егъэфІэкІуэным хуэгъэпсащ икІи купщІэшхуэ зиІэщ. Къэралым Унафэщ1ым Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам щыщу иужьрей илъэсипщІым сэ зыри блэзгъэкІакъым, мыр псом хуэдэжкъым.

Дэ къыдатащ илъэсым и пэщІэдзэм ар щытрагъэхуэм теухуа уп-щІэм и жэуапри - жылагъуэм зэхъуэкІныгъэхэр щегъэкІуэкІыным и чэзур кьэсащ, Президентым зэрыжиІауэ. Псом хуэмыдау цІыхухэм я псэкІэр егъэфІэкІуэным, зэхъуэкІныгъэхэр щІэгъэхуэбжъэным, Іэнатіэхэр щІэм тету лэжьэным, нэхъ пасэм зэрыщытам хуэмыдау, пІалъэ къыхэмыгъэкІауэ икІэщІыпІэкІэ хуэкІуэным ежьэлІа Іэхъуэхэм. Парламентхэм щылажьэ политикэ партхэм я мыхьэнэм, Зэрызыхуигъаэзм къызэрыхущащи, сыт и лъэныкъуэкІи хэгъэхъуэн хуейщ. Ар гуапэщ икІи захуагъэщ, зи чэзущ, сыту жыпІэмэ дз блэзгъэкІыхэтпхъэну жэрдэмхэр.

ИкъукІэ ди гуапэщ ЛДПР-м и программэхэмрэ ди унафэщІ Жириновский В. В. къыхилъхьэ жэрдэмхэмрэ ди къэралым и Іэтащхьэ Путин В. В. и къэпсэлъэныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэм къызэрыхигъэщым и мызакъуэу, урысей къэралыгъуэм щэщІауэ зегъэужьыным хуэгъэпса программэхэм лъабжьэ зэрахуэхъур.

Псом япэрауэ, ахэр демографиер егъэфІэкІуэным тещІыхьа къалэнхэрщ, цІыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкІэ зэрадзэпхъыу щІыкІэм хэгъэхъуэным, псом хуэмыдау унагъащІэхэм защІэгъэкъуэным, сабийхэмрэ анэхэмрэ зыхуей-зыхуэфІэкмкІэ къызэрызэгъэпэщам ежьэлІахэрщ. Апхуэдэхэр ахъшэкІэ кІыхьэгъэпэщыным зэи хуэмыдэжу нобэ гулъытэхуэу игъэтащ икІи ахэр хъума зэрыхъунум и мызакъуэу, а гулъытэм кІуэ пэтми хэхъэгъэнущ.

Къэралым и къалэн нэхъыщхьэу Президентым игъэувар Урысейм и цІыхубэр хуэмэнымрэ абы зэгъэужьынымрэщ, ахэрщ ЛДПР-м и программэхэми щызыбзыхуар. Унафэхэм илъ лъапІэныгъэхэр нэхъыщхьэу къыпытащ, а хабзэр хуахэм нэхъри ящІыпхъэ щыІэ мызакъуэу, зэрыщыту Урысейм щыпсэу псоми я псэм хэлъу, ящыщ Іыхьэу щытщ. Абыкіэ дэ дыкъыщхьэщокІ къуэкІыпІэм икІи ар ди ефІэкІыныгъэщ. Урысей къэралышхуэр ситкІи зи Іэхъу дэкІ хэку щІыным хуэгъэпса къалэнхэр къиГъуэкІэрэ, Президентым ди цІыхуэхэр хэкупсэ Іэхъухэм къыхуеІэжьэхэм нэхьапэм яІа тегъэщІапІэр къэкІыпхъа къудейкъым, атІэ щІалэгъуалэм я къарур зрахьэлІэн, ГъащІэм хапщэн мурадхэр яхуиГъэльэгъуащ - дэ сыт щыгуэ дыхущІэкъунущ нэхъ къалэнныгъэ дыдэхэри зэфІэдгъэкІыным! ДыщІэпсэунрэ дызыхущІэкъунрэ щыІэщ! Ди гущІэм нэсу зыхэтщІащ Президентым ди ТекІуэныгъэ Иным теуХуа пэжыр хуэмэным екъэлІауэ дыкъыззэрыгъэгъахэр - Хэку зауэм хуэмЯ къыркІуэгъэр зэрыщыкъыІуэгъэр, Совет Союзым къэрал куэдым я цІыхубэр гуэзвэгъуэм къызэрыхущІэмрэ фашистхэм зэхащІыхьа щІэпхъаджагъэхэмрэ зэхуэзыгъэдэну хущІэкъуэкъэ абы игъэгуІэзащ. Абы къыхэкІыу дэ шэч къытетхэркъым «уХейм», ульэщІ», зэрыжаІэу Іэхъуэ зэрыхъунум.

Конституцэм щыубзыхуахэм я пхыгъэкІакІуэу щыткІэрэ, Президентым къыхилъхьащ зэманым я къыздихьа, зи чэзу зэхъуэкІныгъэ зыбжанэ абы хэлъхьэным теухуа жэрдэмхэр, езым и политикэм и мурадхэмрэ урысей законэр дунейпсо хабзэхэм нэхърэ дгъэнэхъыщхьэн зэрыхуейм я щыщІэгъэбыдаУэ.

КъаІэнышхуэхэр къигъэуващ узынщагъэр хьумэн Іэнатіэм, псом хуэмыдау абы цІыхуэхэм яп дэІэпыкъуныгъэ щагъэуІ и къудамэм, екъэІауэ, апхуэдэуи егъэджэныгъэм, экономикэм зегъэужьыным, хьэрычат Іэнатіэм зегъэубгъуным теухуа Іэмалыщ1эхэр къыхэхъэлъэнымрэ инвестицэхэмрэ ятеУхуауэ. Апхуэдэуи къыхэзгъэщыну сыхуейт къэрал, муниципальнэ унафэ щІыкІэми зэхъуэкІныгъэхэр щегъэкІуэкІыным теуХуа къалэнхэри, абы къыдэкІуэуи иджы япэу къэрал утыкуШхуэм и гуГъу щащІауэ ящІ щыпІэ унафэр зегъэкІуэнымкІэ органхэм я хуитныныгъэхэм зегъэубгъуным теуХуа Іэхъум.

Зэрыщыту къапщтэмэ, жыпІэ хъунущ псори пхыхуауэ къэзыІытэу, ГъащІэм фІыкІэ щымыгугъэжу, шхыдэбэІуу щытхэм я лъэр Президентым щІиудауэ икІи къэунэху махуэм фІыкІэ дыхуэплъэн зэрыхуеймкІэ гугъэ къытхилъхьажащ. Абы къыдэкІуэуи иБэщІащ Урысейм и мызакъуэу, дуней псом я къэкІуэнур къызэрыгуэкІыу зэрыщымытынур. КъимыдэкІэ, къэрал, муниципальнэ Іэнатіэм и Іэщ1апэщхэр, зыгъэпскІыпІэхэр. Комплексым и яп къатыр илъэс кІуам щэкІуэгъуэм и кІэм дращІеят. Мы зэманым етІуанэ къатым йолажь, инженер комму-никацэхэр, псыр Іуэхущ1апІэм зэрекІуалІэ, къызэрыщІашьж бжьамийхэр я пІэм ирагъэзагъэ.

ХЬЭКЪУЛ Мадинэ.

● Юбилей

ЛІэщІыгъуэ зи кІыхьагъ гъэзгуанэ

Ди республикэм щагъэлъэпІащ ди цІыхуэхэм я дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ пІалъэр - КъБР-м и дзэ комиссариатыр кІэрызэрагъэпэщщ илъэси 100 зэрырикъур. Налшык къалэм дэт Къэрал концерт гъэлъэгуапІэм абы теухуауэ къыщызэрагъэпэща гуфІэгъуэ зэІуцІэм хэтащ республикэм и дзэ комиссариатхэм я лэжьакІуэхэмрэ ветеранхэмрэ. Апхуэдэу гуфІэгъуэм къырихьэлІащ КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщІ **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**, КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1ым и къуэдзэ **Жанатаев Сэлим**, республикэм законхэр къыдзэзыгъэкІ и орган нэхъыщхьэм и депутатхэр, гъэзэщІакІуэ властым и органхэм, щыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэм, хабзэхъумэ Іэнатіэхэм, дин зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэр, дзэ частхэм я унафэщІхэр, ветеранхэм я зэгухьэныгъэхэм хэтхэр.

Дзэ комиссариатхэм я лэжьакІуэхэмрэ ветеранхэмрэ юбилей гуфІэгъуэмкІэ къуэхъуащ КъБР-м и дзэ комиссар подполковник **Пахомов Дмитрий**. ФІыщІэ псалъэхэр абы яхужиІащ блэкІа илъэсхэм дзэ комиссариатхэм къулыкъу щызыщІахэмрэ щылажьахэмрэ, иджыпсту а Іэнатіэм хьэлэлу бгъэдэтхэм.

Докладым къызэрыхэщамкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и областной дзэ комиссариатыр 2020 гъэм щІышылэм и 20-м къызэрагъэпэщауэ щытащ. Абы и лэжьыгъэм хиубыдэрт дзэм ираджэну къызыпэщыдт щІалэгъуалэмрэ дзэ къулыкъу езыхэкІауэ запасым щІыхэмрэ къитхыкІныр, транспортыр, шыхэр учётым гъэувыныр, зыхуэфащэхэр и зэманым дзэ къулыкъум гъэкІуэным, зыхъумэжныныгъэм цІыхуэхэр хуэгъэсэныр. Граждан зауэм и лъэхъэнэм а псомИ икъукІэ мыхьэнэшхуэ яІэт.

Зэи хуэмыдэжу дзэ комиссариатхэм я къалэн инхэр хъабгъэдэхуащ Хэку зауэшхуэр къэхъеи нэужь. Ягъ махуэхэм къыщыщІэдзауэ республикэм и дзэ комиссаным лэжьыгъэшхуэ иригъэжьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыналъэм зыхъумэжныныгъэмкІэ ухуэныгъэхэр щегъэкІуэкІыным цІыхуэхэр хуэзщІагъэуІуэным хуэгъэзауэ. Апхуэдэу 115-нэ щуудзэ дивизэр къызэрагъэпэщу хуежьащ. Республикэм икІа зауэлІэхэр фронт псоми щыщІащ, абыхэм ящыщ куэд. Берлин нэсащ, ТекІуэныгъэр абы щагъэльэпІащ.

Къэралым мамыру щыпсэу иджырей лъэхъэнэм, жиІащ Пахомов Дмитрий, КъБР-м и дзэ комиссариатым и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ гуэзвэгъуэ къыщыхъуам деж цІыхуэхэмрэ транспортымрэ псынщІэу зэщІэгъуэну зэрыхуейр елэжьыныр, зи ныбжьыр нэсахэр дзэм гъэкІуэнри, контракткІэ къулыкъу зыщІэнуэхэр къыхэхыныр. Апхуэдэу мы Іэхъущ1апІэм гулъытэшхуэ хуещІ дзэ еджапІэ нэхъыщхьэхэм щІэтІысхьэнуэхэр къыхэхыным, щІалэгъуалэр зэкъуэ гъэсэныным, нэгъуэщІхэмри.

КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ1 Къуэдзокъуэ Мухьэмэд зэІуцІэм къыщеджащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек и хъэхъуэм. «КъБР-м и дзэ комиссариатым и лэжьакІуэхэмрэ ветеранхэмрэ си гуапэу сохъуэхъу гуфІэгъуэ пІалъэмкІэ - а къулыкъущ1апІэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэсищэ зэрырикъмкІэ. Яп махуэхэм къыщыщІэдзауэ республикэм и дзэ комиссариатыр елэжьащ Іэщ1кІэ Зэщ1эуэгъэ Къарурэм я зэфІэкІыр къэІэтыным, зыхъумэжныныгъэм и Іэныкъуэкіэ къэралым и лъэщагъэм хэгъэхъуэным хуэгъэза Іэхъуэшхуэхэм. Гъэунэхуныгъэ хьэлъэу абы и дежкІэ щытащ Хэку зауэшхуэм и илъэсхэр. Военкоматым куэд зэфІегъэкІащ Дзэ Пльыжьым и частхэмрэ соединенэхэмрэ зэщІэгъэуІуэнымкІэ, ахэр фронтым гъэкІуэнымкІэ, дзэхэр зыхуей-зыхуэфІэхэмкІэ къызэгъэпэщынымкІэ. Нобэ КъБР-м и дзэ комиссариатым къулыкъу щызыщІэхэм яп итахэм я хабзэ хьэлэмэтхэр ягъэбыдэ, къабгъэдэхуэ къалэнхэр щІыхь пылъу ягъэзащІэ, щІалэгъуалэр дзэ къулыкъум хуагъэхьэзыр, ветеранхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ ядоІэпыкъу.

Мы гуфІэгъуэ махуэм фІыщІэ фхузощІ хьэлэлу фи къулыкъур зэрефхьэкІым икІи къыхэфха Іэнатіэм пэжыгъэкІэ фызэзрыбгъэдэтым папщІэ. Си гуапэу сыныбохъуэхъу узынщагъэ быдэ, ефІэкІуэныгъэ фІыщІэ фиІэну, Хэкум къулыкъу хуэщІэныкмкІэ къалэным фехъулІэну», - итщ абы.

Къуэдзокъуэ Мухьэмэд КъБР-м и ЩІыхь тхьылър Налшык къалэм и дзэ комиссар Щоджэн Залым, къалэ комиссариатым и къудамэм и унафэщІ Сурневэ Аллэ сымэ яритащ. Апхуэдэу КъБР-м и Правительствэм и ФІыщІэ тхьылър щІыху зыбжанэм хуагъэфэщащ.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1ым и къуэдзэ Жанатаев Сэлим къеджащ КъБР-м и дзэ комиссариатым и лэжьакІуэхэм республикэм и Парламентым и ЩІыхь тхьылър етыным теухуауэ республикэм законхэр къыдзэзыгъэкІ и орган нэхъыщхьэм и Президиумым къыщта ячэрыр. Абы итІкІэ нэградзэжьэ хуагъэфэщащ комиссариатым и къудамэхэм я унафэщІхэу Мэрзей Хьэдис, Балаев Алим, Шрамко Алексей сымэ.

ЗэІущІэм и кІэухым абы хэтахэм я нэгу зрагъэужьащ результатхэм я къэфакІэу, уэрэджьІакІуэ гуп нэхъыфІхэм хэтхэм, Кавказ Ищхьэрэм Гъуазджэкэмкіэ и къэрал институтым музыкэм щыхурагъаджэ и кадет корпусым и гъэсэнхэм.

БЕЛГЪЭРОКЪУЭ Марьянэ.

75

ЛІыгъур Хьэзиз зэи къикІуэтакъым

1942 гъэм гъатхэпэм Бахъсэн районым и военкоматым зауэм кІуэну ириджаХм яхэтт Зеикъуэ къуэжьэм щыщ ЛІыгъур ХьэкІашэ и къуэ Хьэзизи. Ар фронтым занщІэу Іухьат 65-нэ топгъауэ полкым хэту. А зэманым Керчь деж ди дзэхэр щытыкІэ гугъу щихуат. Бийм и дзэ нэхъ лъэщхэр къауатІыпщри, уІэгъэ, укІыгъэ яІэу совет сэлэтхэм къикІуэтын щІадзэ. Апхуэдэуи а щІыпІэр къыззранэкІ.

А ЗЭХЭУЭ гуащІэм хэтт Курп Ищхьэрэ щыщ Шормэн Іисраил и топгъауэхэри. Ахэр хьихьэрт 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр щуудзэм. Шормэнри иримыгушхуэу кьанэрэтэкъым и хэкуэгъуэ щууейжэм я зэхэсІэм, я хахуагъэм, я лІыгъэм. Іисраил зыхэт топгъауэ полкыр 115-нэ щуудзэр здэщыІэ щІыпІэм къэкІуат лъэсыдзэхэм ядэІэпыкъуну. ЗэрызэгурыІуам хуэдэуи ящІат.

Хахуагъэ ин къыщагъэлъэгуащ а щІыпІэм Зеикъуэ щыщ топгъауэ ЛІыгъур Хьэзиз, абы и гъусэхэу ИСльэмей щыщ Мышхьэжь Мэжид, Кушмэзыкъуейм икІа Джэрыдж Хьэзрэил сымэ. Зауэ гуащІэм Сталинград щыщыбгъуа нэужь, Хьэзизи, Іисраили, Мэжиди, Хьэзрэили 64-нэ армэм хагъэхъэ.

Сталинград щекІуэкІырт зэхуэх зэлъэхэр. Зы уни, зы щІы метр зэбгъуэзнатІи бийм епт хъунутэкъым. Абы папщІэ псэемыблэжу зэуэн хуейт. Къалэр зыхъумэжам яхэтт сержант ЛІыгъур Хьэзизи.

- ИкъукІэ хьэлъэт икІи гуащІэт иужьрей махуэхэр, - къиІуэтэжырт ЛІыгъурым. - Зауэр Сталинград и къалэку дыдэм щекІуэкІырти, топуи, танкыуи, нэгъуэщІ техникэуи, цІыхууи диІэр дызэгъуСэт. Іугъуэмрэ сабэмрэ зэхьыхэжауэ махуэр жащщым хуэдэу кІыфІт, зыри я псэ еблэжьыртэкъым. Нэмыщэхэри зэралъэкІкІэ къыштпэщІэтт, хуейтэкъым икІуэтынуи дызытрагъэкІуэнуи. А зауэм дэри дыхэт миллион 76-рэ хъу топымкІэ бийм и танккэр, топхэр зэтеКтъуэу.

Сталинград зауэм и ужькІэ сержант нэхъыжь ЛІыгъурыр 309-нэ гвардейскэ лагъымыдэ (миномёт) полкым ягъакІуэ. А дзэ пакІэр ящыщт иужькІэ щэрыІуэ хъуа «Катюшэхэр» яІэу зратахэм. Топгъауэ Іэзэм ахэр псынщІэ дыдэу къегъэІуэрыщІэ.

Хьэзиз яхэтащ Румыниер, Мэжэрыр, Югославиер, Чехословакиер хуит къэзыщІыжахэм. Зэхэуэ гуащІэхэм мызэу хахуагъэ, лІыгъэ къызэрыщІэзыІыгъуам папщІэ Хьэзиз къыхуагъэфэщат Хэку зауэ орденхэмрэ медаль зыбжанэрэ.

1945 гъэм и бжьыхьэм Хьэзиз дзэм къыхэкІыжащ. Къуажэм къигъэзэжри, къыхуагъэлъэгъуа Іэнатіэр хьэлэлу игъэзащІэу лэжьэн щІидзэжащ. Зеикъуэ Кировым и цІэр зезыхъэ и колхозым и бригадир къалэным ильэс 18-нэ пэрытащ. Хьэзиз цІыху пэжт, губзыгъэт, и ныбжь елъытауэ дэтхэнэ зы ми тэмэму епсолъэфырт. Арат и лэжьэгъуэми ныбжьэгъуэми пщІэ, нэмыс къыщІыхъуащІыр, лэжьыгъэр къыщІехъулІэр.

ЛІыгъур Хьэзиз джэдкъаз фермэм и унафэщІу, ухуакІуэ бригадэм и тракторист щытащ. Абыхэм ныкъуасанымрэ ягъэкІуэдыным теухуауэ ЛІыгъур тэмэму къызэригъэпэщырти, гъусэхэр дэІуэгъу хуэхъурт.

Хьэзиз куэдрэ хахащ район, куэдрэ Советхэм я депутату, щІыналъэ судым и заседателу. Абы щІэблэ къэхъур егъэджэным, гъэсэным пщІэ хуищІырт, абыхэм чэнджэщэгу яхуэхъурт.

ЛІыгъурэ Хьэзизрэ абы и щхьэгъусэ Іэминатрэ дунейм ехыжащ. Мы унагъуэм щІалиц щапІащ, щагъэсащ. Чэрмирэ Хьусенрэ Налшык къалэм щопсэу. Хьидэ Зеикъуэ къуажэм дэсщ.

ХЕЙКУАРДЭ Хьэсанэ.
Зеикъуэ къуажэ.

Я нэІэ тетщ

● Тэрч щІыналъэ

ФІым я фІыжу зи къалэныр 2019 гъэм къезыхьэІахэм хабжащ Тэрч щІыналъэм щыІэ, зи нэхэм ямыльагъуэхэм я зэгухьэныгъэм и къудамэр. Мы бы щылажьэхэм щІэх-щІэхыуэр Тэрч къали районым хиубыдэ жылагъуэхэри къызэхакІухь, зи нэм сэкъатышхуэ игъэтахэр ядоІэпыкъу икІи щІыналъэ щІадиІыгъ, яхуэзфІэкІымкІи зыкъыщІагъакъуэ. Зэгухьэныгъэм и зэфІэкІ псори ирехьэлІэ ныкъуэдыкъуэхэр зыпэлъэщын лэжьыгъэ къахуэгъуэтыным, жылагъуэ ГъащІэм къыхэша хъуным.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Шэджэм щІыналъэ

Ухуэныгъэхэм къахохъуэ

Яныкъуей жылагъуэм щауХуэ физическэ щІэнхабзэм зегъэужьынымрэ щІыхуэм я узынщагъэр егъэфІэкІуэныгъэ хуэгъэпса комплекс.

МЕТР зэбгъуэзнатІ 600 зи инагъ унэм хэтынущ спортым зыщыкъуагъэса залышхэ, тренерхэр, дохутырхэр зыщІэсыну гъэлІу сыщыткІэрэ, къыхэзгъэщыпхъэу къызолъытэ, Президентым къыгъэува пщэрылъхэр, нэхъыщхьэращи,

Адыгагъэр, цІыхугъэр зыгъэлъапІэ Согуэ Данил 80

• ДифІ догъэтъапІэ

УэрэдкІэ дунейм йопсалъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм гъэзаджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, Урысей Федерацэм щыпсэу лъэпкъхэм я артиадэм и лауреат Согуэ Данил Жамболэт и къуэм и ныбжьыр иджыблагъэ илъэс 80 ирикъуащ.

Композитор, Музыкэ театрым и артисту илъэс куэдкІэ лэжьа Согуэ Данил Зеикъуэ къуажэм къыщалъхуащ. Курыт еджапІэ нэужьым Налшык дэт Музыкэ училищэр къиуващ.

Зэрысабийрэ макъамэмрэ уэрэдымрэ дихьэха Данил и къалэмыпэм къыщІэкІащ тхьылпІлІ: «Дахащэу си адыгэщІ» (1991 гъэ), «Жьэгу пащхьэ» (1995 гъэ), «Сэ уэрэдыр къыхьызох» (2000 гъэ), «Зэ уадыгэну сыт и уасэ!» (2012 гъэ).

КъыхэгъащІыхъэщ Согуэм и уэрэдхэм адыгэ лъэпкъым, хэкум, лъахэм гулыІэтэ хэха зэращІыхьыр. Апхуэдэу абы иІэщ «Адыгэ хабзэ», «Адыгагъэ», «Си адыгэщІ», «Адыгэ лІэужьхэр», «Адыгэ хэхэсхи и лъэІу», «Адыгэ фащэ», «Адыгэ къафэ», «Си адэ лъахэ - си анэ куэщІ», «Адыгэ псалъэ» уэрэдхэр, нэгъуэщІхэри.

Согуэм и уэрэдхэр цІыхубэм фІыуэ ялъэгъуащи, ахэр щІэх-щІэхыуэ радиокІэ къат, теплъэгъуэхэр трахыуэ телевиденэмкІэ къагъэлъагъуэ. Макъамэ гуакІуэрэ усыгъэ купщІафІэрэ зыщІэлъ а уэрэдхэм апхуэдэ щІэрыІуагъ щІагъэтар ахэр зи Іэдакъэщ1экІым и гуапагъэ Іыхьэ зэрахилъхьар арагъэнщ.

И я пэ уэрэдыр дунейм къызэрытехьэрэ куэд щІаими, Данил и цІэр лъэпкъ эстрадэм нобэми щыпэрытщ, абы и Іэдакъэщ1экІхэм зэманыр зыпэмыльащ мэгъу ящрэ яхэлъщ. Яхэлъщ, купщІэ яІэщ, цІыхугум фІыуэ ІоІэсыфри.

Ди уэрэджьыдакІуэ пажэхэу Нэхущ Чэрим, Сокъур Ольгэ, Шъхьэ Иринэ, Даур Иринэ, Зеущэ Іэуес, Хъупсырджэн Альберт, Мэремыкъуэ Хъусен сымэ, нэгъуэщІхэми я зэщІэщІэ Согуэм и Іэдакъэщ1экІ куэд.

Согуэ Данилрэ Даур Зоергэ я жьэгу пащхьэ адыгэ хабзэр щытепщэ унагъуэу зэрыщытыр я бжьащхьэІум уэзребакъуэу гурыІуэгъуэ мэхъу. Даниил сыт и лъэныкъуэкІи зыдезыгъэкІу, зыщІэзыгъакъуэ Зое къыгурыІо1э имыІэу щэнхабзэм и хьэуам зэрыхэсыхьыр нэрылъагъуэ. Данил дыщепсалъэм, къыщыгъупщэхэр гуэдзэу щІегъуж абы е мыхьэнэ иІэу кьыщІихьу Іуэхугъуэ гуэрхэм щыгъуазэ дещІ. Щэч къызытумыхьэжьынраци, нобэми макъамэ тельыджэхэр зи Іэдакъэ къыщІэкІ композиторым ар къызэрехьулІэр, творческэ къару зэриІэр куэдкІэ зи фІыгъэр абы щхьэгъусэ нэсу кьыбгъэдэтырщ.

Занщ1эу къыхэзгъэщынут - Данил псэлъэрейхэм ящыщхъым. Ар гупсысакІуэу, лэжьакІуэу Тхьэм къигъэщІащ. ИтІанэ, мыбыиегупсысащ, ар дунейм псалъэкІэхьым, уэрэдкІэщ зэрепсалъэри, абыкІэ адыгэ лъэпкъым дахагъэу жриІамрэ цІыхугуу игъэгуфІамрэ къыпхуэмыльытэн фІыгъуэу бгъэдэлъщ. Иджыблагъэ Согуэм дедгъэкІуэкІа псалъэмакъыр фи пащхьэ идолъхьэ.

- ЛІыпІэ иува ди адыгэ усакІуэхэм я Іэдакъэщ1экІхэм ящыщу сэ уэрэдыпкъ зыхуэзэмытха куэд щыІэкъым, - къыригъажьащ Данил. - Абыхэм яхэтт зи Іэдакъэщ1экІхэр уэрэд хьэзыру къаІуэхэри, гугъу сехьу фІэкІа сызыхуэмытхэфхэри. Иджырей усакІуэхэм я усэ газетхэм, журналхэм къатехуауэ слъагъурэ, сигу ирихьмэ, езы тхакІуэм семычэнджэщу, щыстх щыІэщ. Усэм макъамэ щІэслъхьэн ипэ, хьэрф, псалъэ хэсэ нэрыпэнэрыпэу зэрызох, абы авторым щІилъхьа гупсысэр зыбжанэрэ си щхьэм щызызогъэзэахуэри, итІанэщ макъамэр къыщыкІуэр. Къыщыхъу щыІэщ, усэр къызэрыкІуэу уигу ирихьу, уеблэмэ и сатырхэр гум кІэрыпщІэу, ауэ уэрэд къыпхуэмыщІыкІыу.

- Данил, утхэну сытым ящру къуитрэ?

- Сэ сымытхэу схуэшэчынукъым. Ауэ нэхъыбэу сытхэн гуращэ къыззэытыр, шэч хэмылъу, усэ дахэхэрщ. Ди тхакІуэхэм я усэхэр кьытезгъэзэжкъуэ щІызоплъыкІ, гупсысэ гъэщІэгъуэнхэр къыщызоГуэт. Дауи, усэ псори уэрэд хъуркъым. Усэм и купщІэм, абы и мыкъэнэм, щІагьбгъэзэм елъытакъым уэрэд къыхэкІынрэ къыхэмыкІынрэ. Макъамэ хуэмыныкъуэ усэфІхэр щыІэщ, ауэ и нэхъыбэм макъамэ ящІэльу тхащ, къахуэгъуэтын хуейуэ аращ армыхъумэ.

- Уи уэрэдыльэ цІыкІуэхэм сапхьіплъати, гу зылъытэращ, ахэр адыгэ усыгъэм и ныбжьхэр къыщыбгъуэтыну къыдэкІыгъуэ хьэлэмэтщ, ари лэжьыгъэфІу кьэпльыпэ хъунущ.

- Иджыпсту хуей дэтхэнэри матхэри, фІыр и Іьащ1эм макІуэ. Ауэ абыхэм къагурымІуэр зыщ, Іэпэм кьыпыкІ псори уэрэд хъурэкъым. Ди уэрэджьыдакІуэхэм я нэхъыбэм кьалэну зыхуагъэзуныжьыр нэхъыбэрэ утыкум итынырщ, цІэрыІуэ защІыныращ, а Іэхум, Іэмал зэрэмІэкІэ, нэхъ псыпщІэу мыпхьу кьыхьахьныращ. Ар Іьугъу нэпцІщ. Пэжжьигъэм апхуэдэу уБгъэдыхьэ хъунукъым, абыи хуэпщІ пщІэращ щыбгъэутыжьынур.

- Иджырей ди адыгэ эстрадэр сыт хуэдэу къэплъытэрэ?

- Сыт хуэдэ Іэнатіэмэ хуэдэу, нэхъапэм цІыхухэр зэрылажьэу щытамрэ иджырей зэманымрэ зэбгъапщэмэ, зэщІхьэщІыкІынигъэшхуэ яІэщ. Иджыпсту цІыхухэр нэхъыбэу я щхьэ Іуэхугъ зэгугъур. Нэхъапэм лжьыгъэм пщІэ иІэт, псом хуэмыдэу, усэмрэ уэрэдымрэ хуащІ гулъытэр лъагэт. Иджы уи сом хэплъхьэн, уэ езым уи кьарр кьыхьзэрихьІэ а уиэтІыныгъэм зебгъэуэжьыжьын хуейщ. Ауэ мыри кьыхэгъэщыпхъэщ. Тхэну хуей цІыхум щхьэусыгъуэ кьиІылъхьэрщ. Зэманыр хьэлъэ хууами, абы Іэнатіэм хуэпэж, гурэ псэкІэ ета цІыхухэр кьыхигъэкъэбзыкІыу арыдедейщ. Лъэпкъым хуэлажьэ цІыхум и гуащІэм зыми хухэгъэщІынукъым.

Си уэрэд жьызымІэ щІагъуэ яхэткъым ди эстрадэм и лэжьакІуэхэм. Іуэхуракъэ, иджы псори тхакІуэ, усакІуэ, уэрэджьакІакІуэ хъуащ. Ауэ уи цІэр нобэ бгъэлъкІэ зэфІэкІрэ. «Иджыри зэ дедэІуэжащэрэт!» - уэрэдым хужамыІэмэ, си дежкІэ а лэжьыгъэм мыхьэнэ иІэкъым. Ауэ ахэри бгъэкъуэншэныр щыуагъэу кьыщІэкІынщ, псоми я щхьэ Іуэху зэрахэу, зэрыхъум хуэдэу мэпсэу. Къэралым творческэ Іуэхьым пщІэ хуищІу щытамэ, а псори къэхъунутэкъым.

- Си сызэрыщІыгъаззмкІэ, уи творческэ гъэзугуанэм и къежьапІэм Москва Агитационнэ бригадэхэм я урысейпсо зыкъэзгъэлъэгъэныгъэм фыщыщІащ. Абы машІэу и гугъу уэзгъэщІынут.

- Зеикъуэ дэт ЩэнхабзэмкІэ унэм и унафэщІу сылажьэрти, 1964 гъэм Агитбригадэ къыззэдгъэпэщат. Пэжжьакъуэфхэр къыхэщу сценарийр стхыри, щІыналъэ зэпеуэм япэ увыпІэр къыщІытхат. Налшык щекІуэкІа зэпеуэм етІуанэ дыщыкъуащ, Солдатскэ щІынальэм къикІа урыс гупым япэ увыпІэр иратри. Республикэм къыбгъэдэкІыу зы гуп Москва ягъэкІуэн хуейри, урысхэр лыкІуэ ямышІу, дэ дагъэкІуат. Къашыргъэ Билал, Бер Хьэбдалэ, Нэщ1эпыджэ Иброрыкъи сымэ мазэкІэ дагъэхьэзыыри дагъэкІуат. Ди гупым хэтащ «Адыгэ псалъэ» газетым иджы и редактор нэхъыщхьэ ХьэфІыцІэ Мухьэмэдэ. Абы дыкІуэу дыкъэкІуэжьыу Мухьэмэд и нэр кьытримыгъэкІыу, нэпсейуэ газетрэ журналу кьиГуэтыр щІиджькІырт. Абдежьм сэркІэ гуры-Іуэгъуэ хъуат журналист тельыджэ кьызэрыхэкІынур. Зэрытлъагъущи, сыщІыуатэкъым!

Зеикъуэ Агитбригадэр абы лауреат дыщыхъури, дыгуфІэу дыкъэзыІуэжауэ щытащ.

- 2012 гъэм «Зэ уадыгэну сыт и уасэ!» уи тхьылъыр дунейм къытехьащ. Лъэпкъым хуэлажьэу къэпкІуа гъэзугуанэм урипльэжмэ, уадыгэну сыт и уасэ?

- Ар уасэншэ фІыгъуэщ. Гугъущ, ауэ зы лъэныкъуэкІи тынщ. Адыгэлъ пщІэту укъалъху къудейкІэ зэфІэкІыркъым - адыгагъэ зыхэбгъэлъэн, абы зыхетбгъэпсыхьын, адыгэ гупсысэкІэм, псэукІэм утетын хуейщ. Сэ Іэджэрэ кьыскуохуэ сызэрыадыгэм сыщІыщІгуфІыкІыж. НэгъуэщІ щІыпІэхэм сыщІыІауэ гуемыІу гуэрхэр си нэгу щІэкІмэ, ди хабзэ дахэхэм, ди цІыху щыпкъэхэм си гур кьыззэрагъэгъуэтыж. Уадыгэным нэхъ лъапІэ щыІэжьыІ!

- Адыгагъэм и ІэфІыр щІэблэм къедгъэщІэн, яІурытлъхьэн папщІэ, сыт щІапхъэу къэплъытэрэ?

- Ар хуабжьу Іуэху инщ, лъэпкъыр зыгъэгъэзэхэм ящыщІ. Унагъуэм, хьэблэм, къуажэм деж къыщежьэ Іуэхуш ар. АдыгэбзэкІэ псалъэ сабийм и адэ-анэм щыІэпыщІаудри мащІэкъым. Си сызэреплъымкІэ, мы Іуэхур иджыпсту псори дызэлэжьыпхъэщ, адэ-анэм я закъуэ ябгъэдэтлъхьэмэ, яхуэгъэзарунукъым.

- Уи псалъэхэм къыхэбгъэщащ уи творчествэр фІыуэ зыльгъуэр зэман гъунэгъум тхьылъыщІэкІэ бгъэгуфІэну.

- Усэ нэхъыфІу къэслытэхэм яхуэстха уэрэдхэр щызэхуэхьэсауэ, щІэ куэди иту «ЛъагъуныгъэмІ и хьэтыркІэ» фІэщыгъэм щІэт тхьылъ мыгувэу дунейм къытезгъэхьэну сыщогугъ.

- Уи Іэдакъэщ1экІ псоми хэбгъэфІыкІыу, зэманми гъащІэми хуэмыгъэкІуэщІу сыт хуэдэ уэрэд уиІэ?

- «Адыгэр зы дыхъужарэт!» фІэщыгъэм щІэту Зеущэ Іуэес жиІэу уэрэд сиІащ. Мис ар фІы дыдэу солъагъу, си хьэупсапІэри аращ - лъэпкъыр зы дыхъужынырщ.

- Уи гукъеуэр-щэ?

- Художественнэ совет, фІымрэ Іеймрэ зэхэзыгъэкІ Іэщ1агъэлІ гуп дыІэрримиІэрщ си гукъеуэр. Лъэпкъ гуэзджэм сытым хуэдэу зригъэужьынут абы.

- Илъэс 80 гъэзугуанэ къыхэбгъэкІащІ, гъащІэм къыщыхэпха Іэщ1агъэм насыпыфІэ уищІауэ пхужьІэну?

- Мэрщэнкъул Іэдэм тхьэмыщкІэм къызжиІауэ щытащ: «Уи насыпщ, Даниил! Уэ дунейм уеХужьми, умыІа пэльытэ ухъунущ. Уи Іэужьыр уи яужькІи псэунущ».

- Уарэзы-тІэ абыкІэ?

- Си унагъуэр схуэузыншэмэ, ди щІэблэм я гуфІэгъуэ тлъагъумэ, абыхэм иджыри тІэкІурэ сакІэлъапІлъыфмэ, сынасыпыфІэщІ.

- ИлъэсыщІэ хихьам ди щІэджькІакІуэхэм сыт хуэдэ псалъэкІэ захуэбгъэзэнт?

- ЦІыхуэм и зэфІэкІ, щІэныгъэ, Іэщ1агъэ, кьулыкъу емыльытауэ, къызыжакІа лъапкъым пщІэ хуищІын, ар фІыуэ илъагъуэн хуейщ. Армырамэ, абы бгъэдэлъ, иІэ псоми мыхьэнэ яІэкъым. Дэтхэнэ унагъуэри узынщагъэ, дэрэжьагъуэ щымыщІэу, гукъеуэр я мащІэу псэуну си гуапэщ.

Епсэльар

ЩОМАХУЭ Залинэщ.

И макъамэр иремыужьых

Зы махуи къанэрхъым а цІыху гуапэм и уэрэд дахэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр радиомкІэ, телевиденэмкІэ къамыту. А макъамэхэр апхуэдизкІэ гуакІуэщи, узыІэпамышэнкІэ, гупсэхуГъуэ къыуамытынкІэ Іэмал иІэкъым. Нэрылъагъущ ахэр гу къабзэм, псэ щабэм къызэригъэщІар. Алыхьым и шыкуркІэ, ди лъэпкъым и мащІэкъым макъамэтххэр, уэрэдыр узэрыгушхуэ хъунуэр. Апхуэдэхэ игъуэ зимыужьыр Кіарэ Фолэ, Дышэкі Залымхьан, Бахъуэ Бетіал сымэ. Лъэпкъ макъамэм хэлъхьэныгъэ пыухькІа хуищІащ уэрэдыр, уэрэджьакІуэ, цІыху гуэрэдж, хьэл-щэн дахэ зыхьэ, сытхІи уи дзыхь зэфІэгъэз хъун, КъБР-м гъэзаджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Согуэ Данил.

ДАНИЛ сэ зэрысцІыхуэрэ илъэс 25-м щІигъуащ. Ди зэрыцІыхуныгъэр къызэрежьам, адэкІи ныбжьэгъу дызэрыхэхуэхъуам сыщытепсэлъыхьыхьну сыхуейт мы тхыгъэм. Дэ, щІалэ гуп дыкъэкІуэжри, щІэздзэжауэ культпросветучилищэм дыщеджэрт. Мазэ бжьыгъэкІэ дакъыкІэрыхуат дызыхагъэтІысхьэжахэм, абыхэм Іэмал имыІэу пІалъэ кІэщІым дальэщІыхьэжьын хуейт, ар Іуэху тынштэкъым. Абы къыхэкІкІэ макъамэ Іэмэпсымэхэм зыщІыхуагъасэ пэшхэм я ІэнкІыбзэ1ухэхэр дэ нэхъ къыдатырт икІи бжэхэр зэхуаІещІыжьыу пианинэм дыбгъэдэст, баяным деуэфу зедгъасэрт, уэрэд зэдгъащІэрт. Апхуэдэу, пІалъэ гуэр докІри, кьыдагъэбыдыпІа пэшым и ІэнкІыбзэІухьр кьыдатыркъым, ар нэгъуэщІым кьищтащэ кьыдиджаІэ. ТІэкІу дызэгуэпауэ ещанэ кьатым дыдокІуейри, пэшым и бжэр Іудох, дыщІэпльэмэ - щІалэ гуэр пианинэм бгъэдэсщ, Іэпэ зырызкІэ зыгуэрхэр кьригъэкІыу, адыгэм зэрыжиІащи, «тецІыбыкьы». Зыри жьыдмыІэу дыкьыІуякІыжащ, зэрыхъу хъунщ, жьитІэри.

ЕтІуанэ махуэм дымыхьэзырыщу еджаІэпэм дыкІуащ. Къэхъуам щыщІэупщІэм, ди егъэджакІуэм Іуэхур зэрыхъуар жетІащ. Ар, зи аХъэтырр нэху хъун, Дагъыстэн Республикэм щІыхь зиІэ и артист, уэрэджьыІакІуэ цІэрыІуэу щыта, гу щабэ, зэхэщІыкІышхуэ зыхэлъа Ханукаевэ Дорэт. Абы дызэрыригъаджэр уэрэд жьІынырт.

- Си щІалэхэр, фымыгузавэ, псори и пІэ иувэжынущ, - жиІащ Ханукаевэм, - зыхуэзгъэшэч. Сэ вжесІэнуращи, а щІалэм хуэдэу фегуГумэ, фыкъызыхэтІысхьэжахэм псынщІэу фалъэщІыкъэжьынущ. Ауэ, мыри зыщІымыгъэгъупщэ, а зи гугъу фщІы щІалэр Согуэ Данилщ. Къыфхуихуэнщ адыгэ лъэпкъыр Даниликі фыщыгушхуэн зэман. Согуэр зэфІэкІ зыбгъэдэлъ цІыхущ, ар зы Іэпэкі Іэ теуэу кьыфщІэхьанми, абы макъамэ гъуэзэджэхэр кьеГуглъесыф, уэрэд хъарзынэ зыбжанэ итхащ. Даниил хуэдэу фыерыщ, фи макъми, фи цІыхугъэми зевгъэужьи, зэи фыщІыуэнукъым, фи щхьэрэ фи пщІэрэ ульиинкъым. Сэ вжесІа псори фицу кьыщщІыжьын зэман къыфхуихуэнщ...

Ханукаевэ Дорэ иригъэжахэр, зи макъыр тэмэму «игъэувахэр», уэрэджьакІуэ цІэрыІуэ хуэахэр пщІы бжьгъэ мэхъу. Абыхэм ящыщщ Согуэ Даниили.

Согуэм уэрэдхэр итх кьудейкъым, «Сосрыкъуэ» цІыхухэу уэрэджьакІуэ гуп цІэрыІуэр кьыззэзыгъэпэщахэм ящыщщ. Абы и зэфІэкІыр Музыкэ театрым щагъэзэва опереттэхэм еплъа-хэм я мызакъуэу, «Сосрыкъуэ» ансамблым къуажэхэм щигъэльэгъуэ концертхэми куэдрэ утыку кьыщращ.ьащ.

- Даниил удэлэжьэну хуабжьу тынщщ икІи гугъущ, - жиІэ Музыкэ театрым и солист, уэрэджьакІуэ цІэрыІуэ Шэджьихьэщ1э Асльэнбий. - Театрым щІэуэ зыгуэрхэр щыщщыдгъэувым и деж, ар Іуэхум кьызэрыпхутечын щыІэкъым, игъэзащІэ ролым фІэкІа зыри зыхищІэркъым. Езым и уэрэдыщІэ щІэзэбгъащІэкІи, хуабжьу тхІийщ. И уэрэдым и режиссёр нэс ар мэхъуж. Апхуэдэущ зэрыщІытын хуейри гу къабзэм кьикІ макъамэр дунейм кьытезыгъэхьэ цІыхуэр. Си гуапэщ Даниил дипэкІи уэрэдыщІэхэмкІэ дигъэгуфІэну.

Согуэ Даниил уэрэду 200-м нэблагъэ итхащ, абыхэм я нэхъыбэр щІыхьэ уэрэд хъуащ. Согуэм итхауэ зымыщІэхэри гъунэжщ. И эзфІэкІым хигъэхъуэн щхьэкІэ республикэм и композитор пажэхэм я чэнджэщхэм сыт щыгъуи щІодэІу, щІэ гуэр лыхьэу зэпытщ. Иужьрей илъэсхэм ар жьджэру ядолажьэ ди усакІуэ цІэрыІуэхэу Къэжэр Пётр, Биду Анатолэ, Тхьэзэпль Хьэсэн сымэ, нэгъуэщІхэми. Абы уэрэд цІэрыІуэ куэд дитхауэ щытащ игъуэ нэмысу дунейм ехыжахэу Къанкъул ФІыцІэрэ Шэджьихьэщ1э Хьэмыщэрэ.

Даниил и уэрэдхэр зытемыхуухуахэр жьІэрэуейщ. Ауэ иужьрей илъэсхэм Согуэм гулъытэ нэхъыбэ хуищІ хъуащ адыгэ лъэпкъым хузэусэным, абы и хабзэ дахэхэр гъэІуным, и лыгъэр кьэІэтыжьынм. Апхуэдэхэущ, Согуэ пащхьэ», «Адыгэ напэ», «Адыгэ хасэ», «Хабзэ», «Адыгэ лІэужьхэр», «Кьызохплъэхь хэкужьыр», «Къэуш, адыгэ, къэуш», нэгъуэщІхэри. Иремыужьых Даниил и макъамэр зэи.

Ди газетыр кьыззэрыдэкІрэ илъэс 75-рэ щкІрыкъуи ирихьлІэу абы редакцэм и лэжьакІуэхэм тыгъэ лъапІэ тхуищІащ «Адыгэ псалъэ» уэрэдымкІэ. Дэ абы дримыгушхуэу къэнакъым.

КІЭРЭФ Хьэсэнбий. *1999 гъэ.*

Лъэпкъым хуолажьэ

ХЭТ зэхуха симфоние произведенэ гуэрым и макъамэ цІыхум Іупэтелъ яхуэхъуауэ, а макъамэр кьыришу е фий макъкІэ кьырчэкІыу? Апхуэдэ къэхъуми кьыщыхъур а произведенэр фІы дыдэу, икъукІэ цІэрыІуэу, гурыхьу щыщщытым и дежщ. Уэрэдыр-щэ? Ар щэрэ минщ. Дзапэ уэрэду дэнэкІи щызэхэпхыр аращ.

Ауэ уэрэдым ґъащІэ гуэр иІэщ: «языныкъуэхэр дунейм кьытохьэри, куэд дэмыкІыу мэкІуэдыж, языныкъуэри зыкъомрэ мэпсэу, я щІэщІгъэр йокІри, ахэр яІэщІоХуж. Ауэ щыІащ мыужэгъуу, цІыхухэм жаІэу, ар я ґъащІэ ґъусэу - илъэс тІощкІІэ, щэ ныкъуэкІэ, илъэсищэкІэ, щитІкІэ кьадекІуэкІэр.

Согуэ Даниил и уэрэдхэр жаІэ, ягу ирохь. Мис иджы зы махуэ, адыгэ уэрэдыкІэ ныбжьыщІэ студие кьызэзґъэпэщам, кьуажэм кьикІа хъыджэбз цІыкІу гуэрым и макъым седэІуэн хуейти, сыт хуэдэ уэрэд жьІэнэр щыжьІсІам, «Заремэ» уэрэдыр жиІащ. Абы кьикІыр аращи, Даниил и уэрэдхэр цІыхум фІыуэ яльагъу.

Согуэм уэрэд куэд итхащ, ауэ дэ, профессионалхэм, музыкэр зи Іэщ1агъэхэм, дунейм кьытехьа произведенэм, иджьпсту зи гугъу сщІыр уэрэдраци, а уэрэдым фуэд дыщымытхуэми, дымыубами, ар хъуауэ кьыщІипльэтнэр лъэпкъым кьыщІэмэщ, дзапэ уэрэд хуэхъумэщ, аращ абы редактор нэхъыщхьэ хуэхъуу сэ кьэсльэтэр. Согуэ Даниил и насыпщ, абы иІэщ апхуэдэ уэрэдхэр, дзапэ уэрэд цІыхухэм яхуэхъуауэ.

ДАУР Аслъэн.
1994 гъэ.

Зыми емыщхь

Зыми емыщхь макъамэ къэгъуэтыным Даниил гугъу лъэпкъ демыхьу кьыпщохъу. Ар икІи пэжу кьыщІэкІынщ. Сыт щхьэкІэ жьІпІэмэ, Согуэр хущІэкъуркъым гум къимыкІ макъамэ къигупсысыну. Усэфі кьыІэрыхьа иужь, макъамэр езыр-езыр кьыхуокІуэ. Ауэ хьэзыру къыпщІихьуа уэрэдым, нэгъуэщІ макъамэ зэмылІэужьыгъуэхэри щІигъэувэурэ йоплъри, нэхъ екІур кьыхехьж. Абы и уэрэдхэм ущыхэпльэкІэ, гу лъымтэу къанэркъым композиторыр псом хуэмыдэу я хэкум, и лъэпкъым хуэусэн эрыфІэфым, кьызыхэкІа лъэпкъым, кьыщалъхуа щІынальэм абы хуиІэ лъагъуныгъэр зэрымыкІуэщІым. Абы и щыхьэт нАуэщ и уэрэдхэм я щІэ кьудейр.

СОГУЭМ и творчествэм щІыпІэшхуэ щеубыд лирикэ уэрэдым. Апхуэдэхэщ щІэрыІуэ хъуаехуэ «Бжьыхэ уэшх», «Си Налшык», «ЕфІакІуэ, Зеикъуэ», «Дзэлыкъуэхуажэ», «Псыхъурей», «Псалъэр Налшыкщ», «Лъэпкъым и лІыхъужь», «Сыт уи псэукІэ, адыгэ?», «Анэм хэзотх...», «Ар си Заремэщ» жьхуиІэ уэрэдхэр. Абыхэм ящІэлъ макъамэ дахэм гур кьызэщІеІэтэ, адыгэхэм я уэрэд Іуэрыпатэм пэгъуэнэгъуэ. Аращ едаІуэхэм дежкІэ ахэр гуимыхуэж зыщІыр.

Гур изыуд, Іэпкъльпкъыр щІэзэрыгалІэ гуауэзыуэ илъэгъуащ Даниил. Чернобыль АЭС-м кьыщыхъуа насыпыншагъэм и Іэужьхэр яґъэзэкІуэжьын папщІэ дзэ кьулыкъым ираджэуэ щытахэм яхэту дашат Даниил и кьуэ закъуэ Альберти. Языныкъуэхэр, я насып текІуэри, я узынщагъэм сэкъатышхуэ игъуэтами, псэууэ кьыхэкІыжащ мафІэ лыґъэфм. Альберт Белоруссием щыщ Боровляный кьалэм и сымаджащым щІэжауащ, зэман куэд дэмыкІыуи, зи дахэґъэуэ, зи щІалэґъэуэ ныбжьыщІэр дунейм ехыжащ.

Журналисткэ Канапацкая Татьянэ и тхыґъэу Белоруссием кьыщыдэкІ «Лунинец» газетым кьытырыригъэдза тхыґъэм итщ: «УсакІуэ цІэрыІуэ Колас Екъуб щагъэльапІэ махуэшхуэм ирихьлІэу 2002 гъэм екІуэкІауэ щытащ «Лунинецкие каласовики» зыфІаща уэрэд фестивальэ. Зэхьэзэхуэм щытекІуащ курыт еджапІэм щІэс, Колас Екъуб и «На новой земле» уэсэм макъамэ щІилъхьэу уэрэдыр зыгъэззэщІэжа хъыджэбз цІыкІур. Альбинэ Белоруссием дежкІэ унэщІэ ґъащІэгъуэн зэрехьэ - Согуэ».

Дэтхэнэ сымаджэмэ ґулъытэ хуэщІныныр лэжьыґъэ кьалэну кьэпльытэну мащІэ кьыщІэкІынщ. БэкІэ кьыпщыґгуґъ сымаджэм и узыр псалъэкІэ, Іуэхуґъуэ щхьэхуэкъмкІэ щхьэщыпхыфын папщІэ, дохутыр Іэщґъагъэм укъыхуигъэщІауэ ущытыпхъэщ. Апхуэдэт сымаджэщым япэ дыдэу щІэхуа Альберт зыІуащІа, гуэл щхъуантІэкІэ кьулей щІыпІэ дахэ Полесьем щыщ хъыджэбз ныбжьыщІэ цІыкІур, госпиталым и медсестрар. Теплъэ гуаКІуэ зиІэ бзыльхуґъэм и щытыкІэкІи, гу пщІанагъкІи узыІэпишэрт. Арат илъэс 20 фІэкІа зи мыныбжь сымаджэм и гур абы щІыкІэрыпщІар.

Лъаґъуныґъэшхуэр зи псэм щыуша щІалэм кьыґурыІуэртэкъым е и фІэщ хьуну хуейтэкъым зэман мащІэ дыдэ фІэкІа кьызэрыхуэмынар. Ауэ хъыджэбзым ищІэрт уэ бзаджэм Альберт зэримыґъэпсэунур. ИтІанэми, псалъэкІэ и щытыкІэкІэ щІалэм и Іуэхур зэрыІейр кьригъащІэртэкъым. Сыт и лъэныкъуэкІи Альберт и гур фІы зэрыхуищыным иужь итт, фІыуэ зэрипльэуар сытым деж жриІэрт, и нэм, и псэм хуиІырт. Сымаджэщым и палатэм щыдахащ абыхэм я хьґъуэлІыґъуэр. А лъаґъуныґъэр армыраУэ пІэрэ щІалэм и ґъащІэр мазэ бжьґъэкІэ нэхъ кІыхь зыщІар? АрмыраУи щрети, насыпифІэу дунейм ехыжакъэ?! А цІыхубз цІыкІум Альберт и унэщІэр кьищтэу и сабийм ар



Согуэ Данил «Мадинэ» оперэм щоджэгу. *1971 гъэ*

● Жыжьэ - гъунэгъу

КІэрэф Залымджэрий

Нобэ фи пащхьэ итлъхьэ тхыгъэр 1907 гъэм «Дунейм и хъуреягъкІэ» («Вокруг света») журналым «Клод» унэцІэ нэпцІыр щІэту къытехуауэ щытащ. Абы и щхьэусыгъуэнкІи хъунур Іуэтэжьым зи гугъу ищІ урыс-япон зауэм Кавказым щыщхэр зэрыхэта щыкІэм цІыхухэр иджыри хуиту зэрытемыпсэлъыхьыр. Хъэбарым зи цІэ кІыхьэщ КІэрэф Залымджэрий къозыгъэцІыху тхыгъэхэр мызэмытІэу тетащ «Адыгэ псалъэм». А псоми зэтехуэу кІыхьоц а зауэм даша адыгэ щІалэхэр зыпэмылъэщыну бийм Іэпщэ пцІанэкІэ зэрыпщІагъэувар, ар ямыдэу зы къыхэзгІэтар щІэпхъаджагъэу зэрыщымытар, абыхэм я пашэу щыта КІэрэф Залымджэрий хейуэ зэрауклар.

Нобэ утыку илъ дэфтэрхэм хъарзынэу щыгъуазэ ущІ мы Іуэтэжьым зи цІэ кІыхьщ КІэрэф Залымджэрий и гъащІэ гъэгу кІэщІым. КъызэрыщІэкІыкІэ, ар а зэманым щІэныгъэ зиІэу лъэпкъым кІыхьэкІэ закъуэтІакъуэхэм ящыщт, «Бгырыс словеснэ суд» жыхуаІэм зэдзэкІакІуэу щылажьэн хуэдизу урысыбзэ ищІэу. Зауэм щыІухьа илъэсым щІалэр илъэс 33-рэ хъурт. Хъэдижэрэ Залымджэрийрэ зы щІалэрэ зы хъыджэбзэрэ яІэт, етІуанэ щІалэ цІыкІур и адэр зауэм щыІэу дунейм къытехьащ. Лыхъужьым и лакъуэр, дауэ хъуами, зэпыуакъым. Укі тезыркІэ дунейм ехыжа Залымджэрий и къуэ Токъан и щІэблэр Франджым щыщ Корсикэ хьІпІыгум щылсэуэу хъыбар щыІэщ.

КІэрэфыр къызыдэкІа Къылышбийхьэблэм щыщт лІыхъужьым уэз гукъинэж хуэзыуса ПащІэ Бэчмырзэ. Адыгэ литературэм пщІэ щызиІэ тхыдэ романхэм ящ Нало Ахьмэдхъан урыс-япон зауэм адыгэжэр зэрыхэтар къыщигъэлъэгъуэжа «Нэхущ шури».

Къэбэрдеишхуэр зэрыгушхуэ

Іуэтэж

КЪЭГУЗЭВАЩ, зэщІэхъеящ Къэбэрдеишхуэр. Нобэ уафэхуэплъэу щыт азэнджанІэм къыхуеджэнырэ къыщыІуащ. МуІэзэиным щІалэщІэхэр къриджащ Маньчжурие жьихуаІэ щІыпІэ жьыкъэм щекІуэкІ къэзэуат лъапІэм хьыхьэу, зи фэр гъэзэкъ бийм текІуэу лІыгъэ къагъэлъэгъуэну. Къэдрэ гупсысакъым щауэхэр. Хасэ зэхуашэщ, нэхъыжьхэр кърагъэтІысэжІр, Къэбэрдеишхуэм икІыу зы дзэ зэрагъэпэщыну унафэ къащтащ.

ЩІууей хъыжьхэм зауэзэ Іэщэ-фащэкІэ. Мазэ докІри, ахэр зэрежьэнум хуэдэу къызэхуос. Абдеж дыдэм тхъэщІауэ я псалъэм емыпцІыжу хэкум хуэпэжыну. Яшхэри я щхьэхэри мазихкІэ зи унафэм щІэтыну дзэпщым Іэщіалъхьэ, илъэс ныкъуэкІэ къалэжьыну улахуэри кърат, дзэзешэхэр къытрагаушэри зауэм даш.

Къэбэрдеишхуэм и къуэхэр иригъажьэрт. Къимыкіуэту лІыхъужьыгъэ зэрахьэну, къуентхъышхуэ яІэу къагъэзэжыну ехъуэхъуэрт. Кьэнэщхьеящ щІалэфІхэр, фІыуэ ялъагу я хэкум, Кавказым пэІэщІэ щІыхъэм. ШыкІэпшынэ макъыр щабэу къэІурт, мафІэгу шэрхъэм я макъамэ гуГъэкІуэдым эзашІыгъуэу дежьуэу.

КІуэ пэтми хэкум нэхъ пэІэщІэ мэхъу щІалэфІхэр. Куэд щІат Кавказ къуршхэм я къуапэхэр гъатхэ пшагъуэм зэрыхэкІуэдэжрэ. Хуэрэ Уралыр кьыззранэкІащ, абы адкІэжкІэ яшэ. Иджы гъуэгум Сыбыр тафэм зышуегъуэр.

КъуэкІыпІэмкІэ зауэм и мэр кърех. АпщІондэху мафІэгу тедзапІэхэм исЪлъэмейм и пшыналъэ нэжэгужэр къыщоІу. Щауэхэм псэ къахохьэжри, пщыхъэщхьэкІэрэ топсэлъыхь нэхъыжьхэм я гъусэу къапэщІыкІыжьыгъэхэмрэ къуентхъ къаІэрыхьэнухэмрэ.

Мис ахэр Маньчжуриеми къэсакІэщ. Пщэдей щауэфІхэр яІэ дыдэ зауэ Іэнатіэм Іухьэнущ, я лІыгъэр къыщагъэлъэгъуэу, я щІыхьыр Кавказ къуажэ псоми щаІуэтэжьын хуэдэу.

Зэхэуэм и гуащІэгъэущ. Фочышэмрэ топышэмрэ я уэ макъым Маньчжурием и Іуащьхэхэр зэщІищтащ. ЩауэфІхэр сытым дежи зауэ Іэнатіэм Іутщ. Урысыдзэм хэт лІыхъужьхэм нэхърэ мынэхъ тІасхъэу мэзаеу.

ЗэрытекІуэнур наІуэу, ахэр гуахъуэурэ бийм йобгъэрыкІуэри, я лъэужь щІым къытрамынэу зэтрахьІэ.

Ихкащ зэхэуэр, абыхэм я япэ зэуэгъэр. Куэд хаукІыкІыеу щІалэхэм, куэд ягъэижьынущ жьыхуегъэзэкІ хъуэ адэ-анэхэм, щхьэгъуэ щІалэхэм. Кьела щІалэфІхэм яуКІа я ныбжьэгъуэхэм яІэ ящІэжьыну мурад ящІ. Зэуэну, бийм хурикъжьыну пабгъэу хохьэ ахэр кІыкІэлъыкІуэ зэхэуэм, къикІуэтыну замыгъэхьэзыру.

Мазитху хъуащ ахэр зауэм зэрыщыІэрэ. Куэд дэмыкІыу я кІуажэхэм текІуэныгъэр я Іэпэгъуэ игъэзэжьынхэщ, Кавказ къуршхэм кьахуеблагъэжьынущ. Ауэ зэкІэ зауэм Іутщ.

Къэсащ къахуэмыгъэс зэуэгъуэ махуэри. Нэхъ гуащІэжу, нэхъ гущІэгъэнщэжу мэзауэ щауэхэр, ягъэрейм елъытауэ. Удэзым ещхьу, ирещыкІ лІэныгъэм зи псэугъуэ щІалэфІхэр. Зэбгрыкъу псыкъелъэм хуэдэу зытрадзэну хунэмыс щыкІэ, пщІы бжьыгъэхэр яхеукІыкІ бий емылыджьым. Шым зытрагъащІэу, жьым хуэдэу псынщІэу яхэлъэдэну хунэмысу, щІэІу закъуи зэхуаемыгъэхыу Мухьэмэд лъапІэм къызэригъэгугъа жэнэтым макІуэхэр. Къэнэщхьеящ, пшагъуэ къытрихьащ щауэфІхэм я нэгум.

Къэбэрдеишхуэр щІэгъэшуэз лІыхъужьхэм я ныбжьэгъуэхэм, я къуэшхэм ялъ ящІэжьыну Іэмал ямыгъэтыныр пэж? Зи фэ гъуэжь бийр нэхъ къаруфэІэу ара ди щауэ бжьыфІэхэм нэхъыпэ? Хьэуэ! Хьэуэ! ЛІыгъэкІэ абыхэм къапеуэфын щІэныкъым, кьамэр я жьырыІэм Іэщіэлъу бгъэгуакІэ бийм пэщІагъэувэмэ. Аращ ящІэнури.

Зы махуэ докІри, щауэфІхэм губгъуэм зраугуашэ. Псыкъелъэ уэрым ещхьу, бийхэм я топхэм яжьхэолъадэ кьамэр дзэкІэ зыкъуэ щІалэ кьабзэхэр. Ауэ дакъикъэ кьэс бийм пэщІэувэну хьэзырхэр гъущІ бэджьхъыми йоззрыхьри, зыкъэмыхэ хокІуадэ, хьэкІэкхъуэкІэ мыгъасэм ещхьу зэтраукІэ.

МащІэщ къэззыгъэзэжар абыхэм ящыщу. КъэзкІуэжэри адрей щІалэхэм жраІэжащ Іуэхур зыІутыр. Сыт-тІэ иджы ящІэнур? Дзнэ щыІэ Кавказ тхъэІуэхудэхэр къызэрагъэгугъа текІуэныгъэр?

Аргуэру нэхъыжьхэр зэхуаэжри, Хасэ ирагъэкІуэкІ. Унафэ къащтэ псори я гъэ екІуэлІэжу зэкІуэдахэм я лІыгъэр псэухэм хуаІуэтэжьыну.

Уэркъ щауэ щІалэ КІэрэфхэ я къуэр пашэу хахри, дзэпщым беж ятІыпщ нэхъыжьхэм я унафэм щыгуаззэ ищІыну. Іэнэжьахэр Къэбэрдейм ятІыпІущыну.

Дзэпщым е жиІар къыгурымыІуарэ, е къиутІыпщыжыну уэумэярэ, е щІалэм къытралъхьа пцІы гуэр и фІэщ хъуа? Сытми, КІэрэфхэ я къуэр къызэщІэгъэстакІуэщІэпхъаджащІэу кьалъытащ, ягъэтІысри, укІ тезыр тралъхьну унафэ къащтащ.

Щэхущ, щэхублэщ чын губгъуэр пщэдджьжьым. Ихъуреягъыр умэзэхащ. Іэуэлъауэ макъ къэІуркъым, дзэшхэ зэрыщытым хуэдэу. Псоми заущэхуащ, я пІэ ижьыхьэщ. Утыку нэщІышхуэм напэр щытрах пкъо итщ и лъабжьэм мащэ фІыцІэ къыщытІауэ. Абдежым щей зефІэтхъа щыгъуэ КІэрэфхэ я къуэ бжьыфІэр кІэрытщ.

КІэрэфыр - Къэбэрдеишхуэр зэрыгушхуэ КІэрэфыр!

Кьыхуэдежащ зэрагъэкъуанщэм. Зауэл хабзэм ебакъэуэ, щауэфІхэм я лъэпр дзэпщым зэрыжьриІар. ПыгуфыкІащ КІэрэфыр, зауэлІ уставым и гугъу щащІым.

И нэр щапхэну къыбгъэдыхьахэти, яхуидакъым.

Бийм хуэфащэр зэрылъысыжьынур ищІэу, захуагъэм къыкъуэгушхуэ нэкІэ Іуплъащ ар лІэныгъэм и нэхэм.

КЛОД

Зыгъэхьэзырар **ЧЭРИМ Марианнэщ.**

Егъэджакіуэ Іэщіагъэм пэсщІын щыІэкъым

АБы и япэ уэзщІакІуэ Къарэмырзэ Любэ и бзэ Іэфіым, и зыІугъыкІэ екІуи, и дерс егъэкІуэкІыкІэм итхьэкъуа пщащэр класс нэхъыжьхэм нэсыу я Іэщіагъэр и хъуэпсапІэу щытащ. 9-рэ классыр къыщиуным, я пхъур программисту ерджэмэ нэхъ къащтэу, ар зэман кьакІуэм и Іэщіагъэу кьалъытэри, и адэ-анэм я чэнджэщкІэ, Мадинэ КъБКъУ-м Информационнэ технологиемкІэ и колледжым щІэтІысхьаэу щытащ. Стипендие лъагэ къихьу, и гъусэхэм фІыкІэ кьахэщу еджа хъыджэбзым ар диплом плъыжькІэ кьиуат. Иужькіи, информатикэр нэхъ убгъауэу иджын мурадкІэ, ар 2011 гъэм еджапІэ нэхъыщхьэм щІэтІысхьэжащ, абы къыдэкІуэу, Мадинэ Кавказ Ищхьэрэм гъуэджджэхмкІэ и къэрал институтым менеджеру, еджапІэм и сайтыр зэригъакІуэу лэжьэн щыщІидзащ.

Езы пщащэм зэрыжиІэжымкІэ, и гу лъащІэм щигъафІэу, зыщІэхъэпсу илъ Іэщіагъэм хуиІэ лъагъуныгъэр а илъэсхэм «къуэшыжьи», балигъ гъащІэм хэуба нэужь, КЬБКъУ-м адыгэбзэмрэ литературэмкІэ иІэ къудамэм заочнэу щІэтІысхьэжри, 2013 - 2018 гъэхэм щеджэжат. Иужькіэ магистратурэр диплом плъыжькІэ къиухыжащ.

Мадинэ и хуэпсапІэкэр къызэрехьулІэнум шэч къытыруигъэхьэркъым ар университетым къыщызэрагъэпэщ конференцэм, зэпеуэхэм, творческэ, литературэ зэхьэзэхэм, жылагъуэ Іуэхуэхэм жыджэру зэрыхэтым икІи пашэныгъэхэр къызэрыщихьым.

НыбжькІэ щІалэми, Бакъым лэжьыгъэ Іэнатіэ зыбжанэ зэриухъуэкІыну хунэсащ. Ар, Кавказ Ищхьэрэм гъуэджджэхмкІэ и къэрал институтым зэрыщыІэм хуэдэуэ, Налшык къалэ дэт 10-нэ курыт школым есэпыр щиригъэджащ зы илъэскІэ, иужькІэ гъуэджджэхмкІэ колледжым къыщызІуахэ кадет корпусым кІигъэзэжри, есэпымрэ информатикэмкІэ щІэблэр щиригъэджащ. Адыгэбзэмрэ литературэмкІэ къудамэр къиухыжа нэужь, Мадинэ я Іуэхущ Іапі э дыдэм ди анэдэлъхубзэмрэ литературэмкІэ сыхьэт бжьыгъэхэр къыщратауэ ирегъаджэ.

Бакъым къыдэкІуэтей щІэблэр анэдэлъхубзэм дрегъэхьэх, пльэпкъ щэнхабзэм, хабзэм щІепІыкІ. Егъэджакіуэ набдзэгубзапІэм сабийм бгъэдэль эзчийр къызэриухтэн икІи абы адэкІэ зэрызригъэужьын Іэмалхэр кьегупсыри, гурэ псэкІэ ядолажьэ.

Мадинэ езыр и хьэл-щэнкІи щапхъэщ иджырей пщащэ цІыкІухэм я дежкІэ - Іэсэщ, сабырщ, и кьалэныр игъэзащІэрэ зыхэт гупми яхэзагъэу апхуэдэщ. Иригъаджэ цІыкІухэм зэрыжаІэмкІэ, и дерсхэм удихьэхьу, щІэзгъэІэгъэну зэхеухуанэ ахэр, зы напІэдэхьеигъуэу блолъэтри, урокыр зэриухым тегузэвыхьу апхуэдэщ. А псор къызыхэкІыр бгъэдэлъ щІэныгъэрщ, щхьэх имыщІэу и кьуэхьым махуэ къэс хигъахьуэ зэпыту зэрыщытырщ. И предметым и закъуэкъым Мадинэ фІыуэ зыхищІыкІыр, атІэ хабзэми, дунейм и зэхэлъыкІэми, литературэми, нэгъуэщІхэми кууэ щыгъуазэщ, и дерсхэми ахэр тэмэму къыщегъэзэсэфэп.

Къыхэгъэщыпхъэщ Мадинэ «1 КЬБР» телевиденэм нэтын щыхьэхуэхэр игъэхьэзыру зэрыщыІаэжьри, апхуэдэу Къэбэрдей-Балъкъарым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и институтым и аспирантурэм республикэм и Іэтащхьэм и стипендиер къихьу зэрыщеджэри. Ауэ, сыт хуэдэ Іэнатіэ иримыхьэкІами, егъэджакіуэ Іэщіагъэм пищІын щымыІэу жеІэ.

- Дэтхэнэ зы цІыхуми къыхиха Іэщіагъэм ирилажь, улахуэ кърихь къудей мыхъу, абы ирипсэууэ, иригаубэу, дунейм иритету щытын хуейуэ къызолытэ сэ. Уи лжьыгъэм, уи ІуэхущІафэм уигъэбжьыдкІэн, уигъэдзэжи папщІэ, ар фІыиуэ плъагъуу, удихьэхьу, зэ нэху щыуэ лэжьакІуэ сыкІуащэрэт жьыІуэ щытын хуейщ. Апхуэдэу ущымытмэ, уи Іщагъэм зэи удихьэхьукъым, ар уигуми уи псэми къыдыхьэнукъым. Сэ лъэныкъуитІкІэ лъагъуэ щыпхысшауэ сылажьэ щхьэхІэ, нобэ сыхагъадэми, егъэджакіуэ Іэщіагъэрщ къыхэсхынр, сыту жыпІэмэ, ар си псэм нэхъ пэгъунэгъущ, абы пэсщІын щыІэкъыми, - жеІэ Мадинэ.

Егъэджакіуэ ныбжьыщІэм мурад дахи иІэщ. Лэжьыгъэ ирихьэкІэхм къадэкІуэу, Бакъыр «Шэджкьхьэщ Хьэмыщэ и драматургием» теухуа и кандидат лэжьыгъэр тхынми яужь итщ.

А псор дауэ зэрэдгъэшІэрэ жьыпІэрэ уеупщІмэ, Мадинэ жеІэ: «Япэрауэ, си щІалэгъэущ, иджыпсту гугъу зэсмыгъэхьмэ, дапщэщ а псом сызыщІэхьэжьынур?! Тыншкьым, ауэ хъуэпсапІэ ущиІэм деж, абы уи пІэр зэрынэпхусыным яужь уитщ».

Ди гуапэщ Мадинэ и мурадхэр къехъулІану!

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.

● Жыжьэ - гъунэгъу

КІэрэф Залымджэрий

Нобэ фи пащхьэ итлъхьэ тхыгъэр 1907 гъэм «Дунейм и хъуреягъкІэ» («Вокруг света») журналым «Клод» унэцІэ нэпцІыр щІэту къытехуауэ щытащ. Абы и щхьэусыгъуэнкІи хъунур Іуэтэжьым зи гугъу ищІ урыс-япон зауэм Кавказым щыщхэр зэрыхэта щыкІэм цІыхухэр иджыри хуиту зэрытемыпсэлъыхьыр. Хъэбарым зи цІэ кІыхьэщ КІэрэф Залымджэрий къозыгъэцІыху тхыгъэхэр мызэмытІэу тетащ «Адыгэ псалъэм». А псоми зэтехуэу кІыхьоц а зауэм даша адыгэ щІалэхэр зыпэмылъэщыну бийм Іэпщэ пцІанэкІэ зэрыпщІагъэувар, ар ямыдэу зы къыхэзгІэтар щІэпхъаджагъэу зэрыщымытар, абыхэм я пашэу щыта КІэрэф Залымджэрий хейуэ зэрауклар.

Нобэ утыку илъ дэфтэрхэм хъарзынэу щыгъуазэ ущІ мы Іуэтэжьым зи цІэ кІыхьщ КІэрэф Залымджэрий и гъащІэ гъэгу кІэщІым. КъызэрыщІэкІыкІэ, ар а зэманым щІэныгъэ зиІэу лъэпкъым кІыхьэкІэ закъуэтІакъуэхэм ящыщт, «Бгырыс словеснэ суд» жыхуаІэм зэдзэкІакІуэу щылажьэн хуэдизу урысыбзэ ищІэу. Зауэм щыІухьа илъэсым щІалэр илъэс 33-рэ хъурт. Хъэдижэрэ Залымджэрийрэ зы щІалэрэ зы хъыджэбзэрэ яІэт, етІуанэ щІалэ цІыкІур и адэр зауэм щыІэу дунейм къытехьащ. Лыхъужьым и лакъуэр, дауэ хъуами, зэпыуакъым. Укі тезыркІэ дунейм ехыжа Залымджэрий и къуэ Токъан и щІэблэр Франджым щыщ Корсикэ хьІпІыгум щылсэуэу хъыбар щыІэщ.

КІэрэфыр къызыдэкІа Къылышбийхьэблэм щыщт лІыхъужьым уэз гукъинэж хуэзыуса ПащІэ Бэчмырзэ. Адыгэ литературэм пщІэ щызиІэ тхыдэ романхэм ящ Нало Ахьмэдхъан урыс-япон зауэм адыгэжэр зэрыхэтар къыщигъэлъэгъуэжа «Нэхущ шури».

Къэбэрдеишхуэр зэрыгушхуэ

Іуэтэж

КЪЭГУЗЭВАЩ, зэщІэхъеящ Къэбэрдеишхуэр. Нобэ уафэхуэплъэу щыт азэнджанІэм къыхуеджэнырэ къыщыІуащ. МуІэзэиным щІалэщІэхэр къриджащ Маньчжурие жьихуаІэ щІыпІэ жьыкъэм щекІуэкІ къэзэуат лъапІэм хьыхьэу, зи фэр гъэзэкъ бийм текІуэу лІыгъэ къагъэлъэгъуэну. Къэдрэ гупсысакъым щауэхэр. Хасэ зэхуашэщ, нэхъыжьхэр кърагъэтІысэжІр, Къэбэрдеишхуэм икІыу зы дзэ зэрагъэпэщыну унафэ къащтащ.

ЩІууей хъыжьхэм зауэзэ Іэщэ-фащэкІэ. Мазэ докІри, ахэр зэрежьэнум хуэдэу къызэхуос. Абдеж дыдэм тхъэщІауэ я псалъэм емыпцІыжу хэкум хуэпэжыну. Яшхэри я щхьэхэри мазихкІэ зи унафэм щІэтыну дзэпщым Іэщіалъхьэ, илъэс ныкъуэкІэ кьалэжьыну улахуэри кьрат, дзэзешэхэр къытрагаушэри зауэм даш.

Къэбэрдеишхуэм и къуэхэр иригъажьэрт. Къимыкіуэту лІыхъужьыгъэ зэрахьэну, къуентхъышхуэ яІэу къагъэзэжыну ехъуэхъуэрт. Кьэнэщхьеящ щІалэфІхэр, фІыуэ ялъагу я хэкум, Кавказым пэІэщІэ щІыхъэм. ШыкІэпшынэ макъыр щабэу къэІурт, мафІэгу шэрхъэм я макъамэ гуГъэкІуэдым эзашІыгъуэу дежьуэу.

Мис ахэр Маньчжуриеми къэсакІэщ. Пщэдей щауэфІхэр яІэ дыдэ зауэ Іэнатіэм Іухьэнущ, я лІыгъэр къыщагъэлъэгъуэу, я щІыхьыр Кавказ къуажэ псоми щаІуэтэжьын хуэдэу.

Зэхэуэм и гуащІэгъэущ. Фочышэмрэ топышэмрэ я уэ макъым Маньчжурием и Іуащьхэхэр зэщІищтащ. ЩауэфІхэр сытым дежи зауэ Іэнатіэм Іутщ. Урысыдзэм хэт лІыхъужьхэм нэхърэ мынэхъ тІасхъэу мэзаеу.

ЗэрытекІуэнур наІуэу, ахэр гуахъуэурэ бийм йобгъэрыкІуэри, я лъэужь щІым къытрамынэу зэтрахьІэ.

Ихкащ зэхэуэр, абыхэм я япэ зэуэгъэр. Куэд кьаукІыкІыеу щІалэхэм, куэд ягъэижьынущ жьыхуегъэзэкІ хъуэ адэ-анэхэм, щхьэгъуэ щІалэхэм. Кьела щІалэфІхэм яуКІа я ныбжьэгъуэхэм яІэ ящІэжьыну мурад ящІ. Зэуэну, бийм хурикъжьыну пабгъэу хохьэ ахэр кІыкІэлъыкІуэ зэхэуэм, къикІуэтыну замыгъэхьэзыру.

Мазитху хъуащ ахэр зауэм зэрыщыІэрэ. Куэд дэмыкІыу я кІуажэхэм текІуэныгъэр я Іэпэгъуэ игъэзэжьынхэщ, Кавказ къуршхэм кьахуеблагъэжьынущ. Ауэ зэкІэ зауэм Іутщ.

Къэсащ къахуэмыгъэс зэуэгъуэ махуэри. Нэхъ гуащІэжу, нэхъ гущІэгъэнщэжу мэзауэ щауэхэр, ягъэрейм елъытауэ. Удэзым ещхьу, ирещыкІ лІэныгъэм зи псэугъуэ щІалэфІхэр. Зэбгрыкъу псыкъелъэм хуэдэу зытрадзэну хунэмыс щыкІэ, пщІы бжьыгъэхэр яхеукІыкІ бий емылыджьым. Шым зытрагъащІэу, жьым хуэдэу псынщІэу яхэлъэдэну хунэмысу, щІэІу закъуи зэхуаемыгъэхыу Мухьэмэд лъапІэм къызэригъэгугъа жэнэтым макІуэхэр. Кьэнэщхьеящ, пшагъуэ къытрихьащ щауэфІхэм я нэгум.

Къэбэрдеишхуэр щІэгъэшуэз лІыхъужьхэм я ныбжьэгъуэхэм, я къуэшхэм ялъ ящІэжьыну Іэмал ямыгъэтыныр пэж? Зи фэ гъуэжь бийр нэхъ къаруфэІэу ара ди щауэ бжьыфІэхэм нэхъыпэ? Хьэуэ! Хьэуэ! ЛІыгъэкІэ абыхэм къапеуэфын щІэныкъым, кьамэр я жьырыІэм Іэщіэлъу бгъэгуакІэ бийм пэщІагъэувэмэ. Аращ ящІэнури.

Зы махуэ докІри, щауэфІхэм губгъуэм зраугуашэ. Псыкъелъэ уэрым ещхьу, бийхэм я топхэм яжьхэолъадэ кьамэр дзэкІэ зыкъуэ щІалэ кьабзэхэр. Ауэ дакъикъэ кьэс бийм пэщІэувэну хьэзырхэр гъущІ бэджьхъыми йоззрыхьри, зыкъэмыхэ хокІуадэ, хьэкІэкхъуэкІэ мыгъасэм ещхьу зэтраукІэ.

МащІэщ къэззыгъэзэжар абыхэм ящыщу. КъэзкІуэжэри адрей щІалэхэм жраІэжащ Іуэхур зыІутыр. Сыт-тІэ иджы ящІэнур? Дзнэ щыІэ Кавказ тхъэІуэхудэхэр къызэрагъэгугъа текІуэныгъэр?

Аргуэру нэхъыжьхэр зэхуаэжри, Хасэ ирагъэкІуэкІ. Унафэ къащтэ псори я гъэ екІуэлІэжу зэкІуэдахэм я лІыгъэр псэухэм хуаІуэтэжьыну.

Уэркъ щауэ щІалэ КІэрэфхэ я къуэр пашэу хахри, дзэпщым беж ятІыпщ нэхъыжьхэм я унафэм щыгуаззэ ищІыну. Іэнэжьахэр Къэбэрдейм ятІыпІущыну.

Дзэпщым е жиІар къыгурымыІуарэ, е къиутІыпщыжыну уэумэярэ, е щІалэм къытралъхьа пцІы гуэр и фІэщ хъуа? Сытми, КІэрэфхэ я къуэр къызэщІэгъэстакІуэщІэпхъаджащІэу кьалъытащ, ягъэтІысри, укІ тезыр тралъхьну унафэ къащтащ.

Щэхущ, щэхублэщ чын губгъуэр пщэдджьжьым. Ихъуреягъыр умэзэхащ. Іэуэлъауэ макъ къэІуркъым, дзэшхэ зэрыщытым хуэдэу. Псоми заущэхуащ, я пІэ ижьыхьэщ. Утыку нэщІышхуэм напэр щытрах пкъо итщ и лъабжьэм мащэ фІыцІэ къыщытІауэ. Абдежым щей зефІэтхъа щыгъуэ КІэрэфхэ я къуэ бжьыфІэр кІэрытщ.

КІэрэфыр - Къэбэрдеишхуэр зэрыгушхуэ КІэрэфыр!

Кьыхуэдежащ зэрагъэкъуанщэм. Зауэл хабзэм ебакъэуэ, щауэфІхэм я лъэпр дзэпщым зэрыжьриІар. ПыгуфыкІащ КІэрэфыр, зауэлІ уставым и гугъу щащІым.

И нэр щапхэну къыбгъэдыхьахэти, яхуидакъым.

Бийм хуэфащэр зэрылъысыжьынур ищІэу, захуагъэм къыкъуэгушхуэ нэкІэ Іуплъащ ар лІэныгъэм и нэхэм.

КЛОД

Зыгъэхьэзырар **ЧЭРИМ Марианнэщ.**

● Футбол

«Кэнжэм» бжьыпэр къыІэщІонэ

КъБР-м футболымкІэ и щІымахуэ чемпионатым и зи чэзу джэгуГъуэм «Кэнжэм» и пашэныгъэр щихъумащ.

БЭРЭЖЬЕЙМРЭ махуэкумрэ зэхэтыжащ агъэІэпхъуауэ щыта зэІущІитІ. Зэхьэзэхуэм бжьыпэр щыщІыІыгъ «Кэнжэм» япэщІыкІэ «Бабугент»-р 2:1-уэ хигъэщІащ икІи и пашэныгъэр зэпеуэм щигъэбыдащ. Кьыкіэлъыкіуэ махуэм «Тэрчыр» бжьыгъэшхуэкІэ, 5:0-у, Прохладнэ и «Гор-ИС-179 РусГидро»-м ефІэкІащ.

Адэкіэ, щэбэтымрэ тхъэмахуэмрэ, зи чэзу ебГъуанэ джэгуГъуэр Къэбэрдей-Балъкъарым футболымкІэ и щІымахуэ чемпионатым щекІуэкІащ. Зэхьэзэхуэм бжьыпэр щызыубыдахэм закъыкІэрызыгъэхуну хуэмей Бахъсэн и «Автозапчасть»-м кьаруушхуэ тригъэкІуэдащ Зеикъуэ и «Шагъдийр» хигъэщІэн папщІэ. ИкІэм-икІэжьым, ар зригъэхъуІащ, ерыщу къыпэщІэува и хьэрхуэрэгъуэхэм зы топ закъуэ яхудигъэкІри.

Апхуэдэ дыдэу екІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъар къэрал университетым и студентхэмрэ «Спартак-Налшыкымрэ» я щІалэгъуалэм я зэІущІри. Мыбдежми нэхъ лъэщыр зэхэзыгъэкІар зы топ закъуэращ. Абы и фІыгъэкІэ, «КъБКъУ»-р етІуанэ уВыпІэм къыщынащ.

Зы тхьэмахуэм кьриубыдэу етІуанэу бжьыгъэшхэкІэ хагъэщІа «ГорИС-179 РусГидро»-м текІуа Налшык и «Мурбек»-р иджыпстІэкІэ ещанэщ. Арщхьэкіэ, адрей и хьэрхуэрэгъуэм ельытауэ, абы зы джэгуГъуэкІэ нэхъыбэ иригъэкІуэкІащ.

ЗэІущІэ блэкІаэм зэрызэ къыщыкъэжаныкІа «ХьэтІохъуащхьуейм» и пашэ Молэ Андемыркъанрэ «КъБКъУ»-м и щІыхьыр зыхъумэ Апажэ Чэримрэ гуащхьауэхэм я зэпеуэм бжьыпэр зэрыщалІыгъщ. Мы зэхьэзэхуэм абыхэм топ пщыкІу-пщыкІэу щыдгъэкІащ.

Адэкіэ фыщыдгъэгуэзэнщ Къэбэрдей-Балъкъарым футболымкІэ и щІымахуэ чемпионатым и зи чэзу джэгуГъуэм къирикІуа бжьыгъэхэм: «**Мурбек**» (Налшык) - «**ГорИС-179 РусГидро**» (Прохладнэ) - **4:0**, «**Автозапчасть**» (Бахъсэн) - «**Шагъдий**» (Зеикъуэ) - **1:0**, «**Бабугент**» (Бабугент) - «**Инал**» (Къэрэгъэш) - **3:1**, «**Исльэмей**» (Исльэмей) - «**Союз**» (Сэрмакъ) - **0:3**, «**Спартак-Д**» (Налшык) - «**КъБКъУ**» (Налшык) - **0:1**, «**КъБКъМУ**» (Налшык) - «**Малка**» (Малкэ) - **1:3**, «**ХьэтІохъущыкъуей**» (ХьэтІохъущыкъуей) - «**Тэрч**» (Тэрч) - **3:2**.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ 2019/2020 гъэхэм я щІымахуэ чемпионатыр зэрекІуэкІыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1.	«Кэнжэ»	8	7	1	0	21-3	22
2.	«КъБКъУ»	8	7	0	1	24-11	21
3.	«Мурбек»	9	6	3	0	34-8	21
4.	«Автозапчасть»	8	6	2	0	26-4	20
5.	«ХьэтІохъущыкъуей»	9	4	2	3	21-21	14
6.	«Шагъдий»	9	4	1	4	13-15	13
7.	«Союз»	8	4	0	4	18-22	12
8.	«Бабугент»	9	4	0	5	19-17	12
9.	«Спартак-Д»	8	3	1	4	15-9	10
10.	«Тэрч»	8	3	1	4	10-10	10
11.	«Малка»	8	3	0	5	9-17	9
12.	«Исльэмей»	9	1	3	5	8-20	6
13.	«КъБКъМУ»	9	1	1	7	4-19	4
14.	«ГорИс-179 РусГидро»	8	1	1	6	1-30	4
15.	«Инал»	8	1	0	7	6-23	3

● КъБР-м щыІэ МВД-м къет

Къэралым къыщалъыхъуэрт

Урысей МВД-м Лэскэн щІыналъэм щиІэ къудамэм и участковэ уполномоченнэхэм, КъБР-м щыІэ МВД-м уголовнэ къэлъыхъуэныгъэхэмкІэ и Іэнатіэм и лэжьакІуэхэр ящІыгъуу, Аргудан къуажэм щаубыдащ щІыпІэм щыпсэу, илъэс 25-рэ хъу цІыхухъур.

ЗЭРЫХЬУНЩІАМ щхьэкІэ нэхъ пасэу суд зытращІыхьауэ щыта ар къэралым къыщалъыхъуэрт, дыгъуауэ щэч хуащІу.

Шэч зыхуащІыр яубыд

Урысей МВД-м Май щІыналъэм щиІэ къудамэм 2020 гъэм щІышылэм и 15-м зыхуигъэзащ Май къалэм щыпсэу, илъэс 48-рэ зи ныбжь щІыхубзым. Щхьэусыгъуэр - мы гъэм щІышылэм и 11 - 15-хэм къриубыдэу и унэм сом 9000 и уасэ дыщэхэкІ зэрыщІэкІуэдыкІарт.

ПОЛИЦЭМ и участковэ упоненнэхэмрэ къудамэм и лэжьакІуэхэмрэ зы жэщ-махуэм къриубыдэу яубзыхуащ а щІэпхъаджагъэр илэжьауэ щэч зыхуащІыр. Ар нэхъапэми мызэ-мытІэу суд зытращІыхьа, илъэс 30 хъу майдэст. Экспертизэм игъэуващ щэч зыхуащІыр Іэпапіэмрэ щІэпхъаджагъэр щалэжьа щІыпІэм деж иІэу кьагъуэта Іэпапіэхэмрэ зэрызэтехуэр. ЦІыхухъум илэжьакІэ зиумысыжащ.

УФ-м и УК-м и 158-нэ статьям и 3-нэ Іыхьэм илъ ныбжь иткІэ уголовнэ Іуэху кьалэтащ.

Наркотикхэкі килограмми 2,5-м щІигъу

2020 гъэм щІышылэм и 14-м, илъэс 55-рэ зи ныбжь налшыкдэсым и унэр хабзэм тету щыщІащыкІым, КъБР-м щыІэ МВД-м Наркотикхэм кІэлъыплъынымкІэ и управленэмрэ «Гром» гуп хэхамрэ я лэжьакІуэхэм пэш зыбжанэм къыщагъэуэтащ зэ къызыих, къэкІыгъэм къыхэщыкІа пкъыгъуэхэр зэрылъ картон коробкэхэмрэ пакетхэмрэ.

ЭКС